

Cahier de récits CE1

Wolof



Téere nàmm déggin

République du Sénégal



Ministère de l'Éducation nationale

Vente interdite

République du Sénégal



Ministère de l'Éducation nationale

Cahier de récits **CE1**

Téere nàmm déggin

Wolof

Édition 2019
Réimpression 2020



Avis de droit d'auteur : ©2016–2021 projet Sénégal Lecture Pour Tous pour l'Agence des États-Unis pour le développement international (USAID), contrat USAID n° AID-OAA-I-14-00055/AID-685-TO-16-00003, géré par Chemonics International. Tous droits réservés. Cette aide provient du peuple américain et est financée conjointement par l'USAID et le gouvernement du Sénégal.

Ce travail est disponible sous la licence Creative Commons Attribution 4.0 IGO licence (CC BY 4.0 IGO) <http://creativecommons.org/licenses/by/4.0/igo>. Sous cette licence, il est accordé le droit de copier, de distribuer, de diffuser et d'adapter ce travail y compris à des fins commerciales selon les conditions énoncées de la licence CC BY.

Avant-propos

En élaborant ces *Cahiers de récits à lire à haute voix*, dans le cadre du programme Lecture Pour Tous (LPT), le Ministère de l'Éducation nationale vise le renforcement de la compétence de lire. Dans cette perspective, il s'agira de développer la capacité d'écoute et de réception d'un texte oral, de développer et de consolider la compréhension ainsi que le vocabulaire oral. Le goût de la lecture trouve, dans cette logique, une belle opportunité d'émergence et d'épanouissement.

Ces *Cahiers de récits* sont le produit d'un travail collaboratif inédit, ayant réuni des fonctionnaires du Ministère de l'Éducation nationale, des techniciens de Lecture pour Tous et des intervenants indépendants spécialistes des langues nationales. Ils sont destinés aux enseignant(e)s et ciblent les élèves du cours élémentaires première année (CE1). Ces élèves constituent une cible encore portée vers l'imaginaire, les histoires merveilleuses. Son évolution mentale vers l'adolescence, la met souvent en quête de réalisme. Cela se traduit par un fort besoin d'éducation ou de sensibilisation sur les compétences de vie courante : vivre ensemble, santé et hygiène, protection de l'environnement, devoirs et droits de l'enfant, les codes, etc.

Les principaux objectifs d'apprentissage poursuivis portent sur les stratégies de compréhension clés que sont : la prédiction, l'exploitation de l'information explicite, la grammaire du récit, l'aptitude à tirer des conclusions pertinentes et la contraction de texte.

A travers les trois langues wolof, pulaar et seereer, les textes présentent une diversité thématique et sont illustrés de façon appropriée, pour chaque thème abordé, en respectant le vécu des élèves et leurs réalités socioculturelles. Les textes et leurs illustrations ont également des liens sémantiques en parfaite adéquation, dans une logique qui intègre la dimension genre sans stéréotypes discriminatoires liés à la confession, l'ethnie et le handicap. En outre, la typologie des textes suit la progression retenue au CE1 avec le narratif au premier trimestre, le descriptif au deuxième trimestre et l'injonctif au troisième. La teneur des textes varie entre le fictionnel pur et le non-fictionnel, en passant par le semi-fictionnel.

Comme on peut le constater, les routines d'exploitation qui y sont proposées, facilitent le travail des enseignant(e)s et sont en congruence avec les références du Guide et ses prescriptions d'exploitation pour les textes écrits.

Enfin, les *Cahiers de récits*, par leurs fonctions, marquent une nouveauté enrichissante qui commande leur préservation et leur bonne utilisation pédagogique.

Li téere bi ëmb

Récit 1	Neeru biir géej	7
Récit 2	Warax, jaan ju mag ji	10
Récit 3	Jant bu ñu jàpp	13
Récit 4	Tukki bu bari gällankoor	16
Récit 5	Lëg ak guy ga	19
Récit 6	Ñetti nattu ci benn bëccëg	22
Récit 7	Ñetti mbetteel yuy ñaawal kéew gi	25
Récit 8	Tukkib jàng àddina	28
Récit 9	Weñ ak yoo	31
Récit 10	Mbonaat ak Mbott	34
Récit 11	Nit, nit ay garabam	37
Récit 12	Ñetti fuqale ya	40
Récit 13	Cetug kër ga	43
Récit 14	Ñetti bëgg-bëgg ya	46
Récit 15	Sunu jàngalekat bi	49
Récit 16	Bukki, Nag ak Ñey	52
Récit 17	Fajkat bu ràññiku	55
Récit 18	Juroom-ñaareelu jant bi	58
Récit 19	Xaju Abdu	61
Récit 20	Yaay Golo ak jabaru rëbbkat bi	64
Récit 21	Njariñu duwaañ	67
Récit 22	Ganaar ak Jalaal	70
Récit 23	Liggeeyu tool yi	73
Récit 24	Buru picc yi	76
Récit 25	Ñetti tëx ya	79



Récit 1 - Neeru biir géej

Gaalu géej ga **déqi** na jëm Ñoojoor. Ca biir, bari ñuy tukki. Ñu ràññee ca waa Njóobeen ak seen njaboot. Lamin ak Yaasin Jóob bokk nañu ca xale ya ñu yóbbaaale. Xale yu sob te yëngu, mēnuño toog benn palaas. Moo waral ñu jóg tàmbalee baagante ci biir gaal gi. Leeg-leeg ñu daw wuti seen baay walla seen bàjjan. Looloo tax ba seen nijaay Aroona di leen artu : « Defleen ndànk, di ngeen daanu. » Waaye xale yi dañoo dëgër bopp, faalewuñu ko. Bi gaal gi tàmbalee sori biir géej, ba **gannax** giy dóor, seen baay, Musaa Jóob, jóg ngir artuwaat leen. Lamin ak Yaasin mel ni ñu amul ay nopp. Nees tuuti, kenn ci ñoom daanu.

Bàjjan ba, Mati Jóob tiit, daw walluji ko.

- Lu xew Lamin ? Lan la ?

- Wuy damay miir, sama xel mi di teey.

Seen yaay waxoon na leen ngeen bàyyi dàqe bi. Soxna Mareem dolli ca ne :

- Bàyyi leen rekk, wax naa wax, ñu të. Waxi mag du fanaan àll, lii bettu ma.

Matul ay simili sax, mu tàmbalee waccu, di **jàmbat** biir buy metti. Baay Musa

ne : « Boo demee saan yee yëngu. Bi mu ndékkee ba suur, dafa waroon a yem

benn palaas, waaye muy daw rekk. » Noppeeguñu sax, Yaasin tamit teg ay

loxoom ci biir bi. Mu ngay miir moom itam. Waccu maa ngay sànni. Sàm

ba Ndóoy, dib lébu, ni leen : « Lii feebaru géej la, du leneen. » Noonu, waajur

yi déglu ko, mu xelal leen. Laata ñuy egsi Ñoojoor, **waccu** ma giif, ñu ne seen

yaay, dañoo xiif.

Baat yu yees yi :

- 1 **Déqi** : mooy gaal gi bàyyeekoo na ci ab dëkk, jëm ca beneen.
- 2 **Gannax gi** : saa yu géej meree, nga gis ndox mi walla duus yi, di jóg ba ca kaw di daanuwaat.
- 3 **Jàmbat** : ki nga xam ni dafa am lu koy metti, dafay jàmbat, di ko mettitlu.
- 4 **Waccu** : Mooy génne ñam walla ndox mu nekkoon ci sa biir.

Laaj yi :

- 1 Lu ngeen gis ci nataal bii ?
- 2 Kon ci biir jukki bi, lu ñu fi wax ci seen xalaat ?
- 3 Yan gunee ñoo ànd ak seen i waajur di tukki ak lu ñu dugg?
- 4 Fan la xale yi di mujje, bu ñu wéyalee daw bi ak dàqe bi ci gaal gi ?

Routine d'exploitation du Récit 1

Compréhension à l'audition : faire une prédiction

Objectif : Anticiper et prédire la suite d'un texte

Durée : 30 minutes

Activité 1 : La procédure de classe

E dit : « Aujourd'hui, on va encore apprendre à prédire ce qui va se passer dans la suite d'une histoire. Faire une prédiction, c'est un peu comme deviner. On se sert de ce qu'on sait du texte, pour deviner ce qui va se passer ensuite.

Activité 2 : Observation de l'image

E donne la consigne à tous les élèves de regarder l'image. Il/elle circule dans la classe pour que tous les élèves puissent voir l'image. E demande aux élèves de dire ce qu'ils ont vu. Ensuite, E demande aux élèves d'essayer de dire, en se basant sur l'image, ce sur quoi doit porter le texte qu'il /elle va leur lire.

Activité 3 : Modelage, pratique guidée et pratique autonome Je fais /Nous faisons

E dit « Maintenant, je vais vous lire un texte. Vous allez bien faire attention. A la fin, nous allons essayer de prédire ce qui va se passer après.»

E lit la première portion du Récit 1 qui va de « *Gaal ga déqi na...* » à « *Nees tuut kenn ci ñoom daanu ...* »

E dit : « Avant de faire notre prédiction, donnez-moi les premiers éléments importants de l'histoire. »

E demande à quelques élèves de répondre, et confirme à chaque fois les bonnes réponses. Si les élèves n'y arrivent pas, il/elle donne les réponses attendues.

E dit : « *yan xale ñoo ànd ak seen waa kër di tukki ak lu ñu dugg ?* » (*Lamin ak Yaasin*)
Lu tax seen waajur yi di leen artu ? » (*xanaa bañ ñu gaañu walla leneen dal leen*)

Tu fais

E dit : « Maintenant, on va faire une prédiction. Qui peut me dire ce qui va se passer ensuite ? »

E demande à 3-7 élèves de faire des prédictions, il/elle les encourage à faire des prédictions différentes les unes des autres. E corrige les élèves en s'assurant qu'ils donnent des prédictions plausibles. Si aucun élève ne donne de prédiction plausible, E dit : « Une prédiction plausible, ce serait : *xale yi dañoo mujj daanu feebar.* »

Je vais lire le reste de l'histoire, et on va voir si on a raison ou pas.


E lit la suite du Récit 1 qui va de « *Bàjjan ba Mati...* » à « *yaay, danoo xiif...* »

E dit : « Maintenant, on vérifie notre prédiction : est-ce qu'on avait raison ? Est-ce qu'on a bien prédit ce qui allait se passer ? »

Si la prédiction faite par les élèves est différente de ce qui se passe dans l'histoire, E dit : « Qu'est-ce qui était différent entre ce que vous avez prédit et ce qui se passe dans l'histoire ? »

Si les élèves ne savent pas, E dit : « *Sunu tontu, ci fan lañuy mujje mooy xale yi mën nañoo gaañu mbaa ñu feebar. Daanaka mooy seen xalaat. Xale yi gaañuwuñu, wànte dañoo am feebaru géj.* »

Enfin, E dit : « Quand on lit une histoire, on fait toujours des prédictions. Ensuite on voit si c'est juste ou pas. C'est comme ça qu'on comprend bien une histoire et c'est ça qui donne envie de lire la suite. »



Récit 2 - Warax, jaan ju mag ji

Kër Maasàmba, dëkk la bu **sës** ci àll bi, ay tund wër ko. Àll bi nag, dafa fees ak ay jaani ñàngóor. Jaan ja ca gën a rëy, **Warax** la tudd. Li indi tur wi mooy, jur guy **taxawaalu** ci àll bi mu wann ko. Bàyyiwul béy, bàyyiwul xar. Benn bés, ñetti xale yu jigeen Aram, Nafi ak Mari di ay mag ak rakk, ànd di wuti matt. Laata ñuy génn kër ga, seen maam Yuusu artu leen ngir ñu moytu Warax. Waaye Aram, seen mag, gëmul dara ci li muy wax. Xale yaa nga jaar ca yoon way dem, di fo ak a ree. Aram ni leen : « Sunu maam daa bañ rekk nu am ay bëñi oor. » Nees tuut, ñu dégg luy yëngatu.

Aram ne : « Noppileen, egsi nanu ci dëkkuwaayu Warax ! »
Ñaari rakk yi tiit bay lox, waaye terewul Aram jël bëñi oori jaan ja. Fa ñuy delloo kër ga, Warax **fëll**, ubbi gémmiñ ga, mer ba futt. Bi mu leen laajee ku toxal bëñi ooram yi, kenn tontuwul. Mu ne : « Ki jël samay bëñ, dinaa ko xam ciy woyam. »

Mu tàmbalee ko ci Nafi, mu woy mu neex. Mari tamit woy. Aw woyam neex te jub. Aram tiit lool te tàmbaleegul. Ba mu woyee, mu naqari, baatam soppeeku. Warax xam ni moo jël bëñ yi. Mu ne ubbeet gémmiñ ga, wann ko. Rakk ya daw wuti dëkk ba. Bi ñu eggee ñu nettali li leen dal. Maam Yuusu génn ne : « Waxoon naa ko ko, bu ma déglu woon, lii du am. »

Adapté de : *La Forêt Des Serpents* - Author - Joseph Sanchez Nadimo
Translation - Véronique Nowak-Solinska and Translators without Borders - Illustration - Rob Owen
Language - French - Level - Longer paragraphs - © African Storybook Initiative 2015
Creative Commons: Attribution 4.0 - Source www.africanstorybook.org

Baat yu yees yi :

- 1 **Sës** ci àll bi : taqaloo ak àll bi.
- 2 **Warax** : wann mbir ci lu gaaw, te doo ko sàqami.
- 3 **Taxawaalu** : di dox jëm fu nekk, ne ku xamul fu mu jëm.
- 4 **Fëll** : génn, bett ñépp.

Laaj yi :

- 1 Xoolleen nataal bi bu baax te wax lu ngeen ci gis ?
- 2 Ban gox la xale yu jigeen yi dëkk ? Ci wetu lan la dëkk bi nekk ?
- 3 Lu tax xale yu jigeen yi war a moytu àll bi ?
- 4 Waaw, ku xam ñii fu ñuy mujje ?

Routine d'exploitation du Récit 2

Compréhension à l'audition : faire une prédiction

Objectif : Anticiper et prédire la suite d'un texte

Durée : 30 minutes

Activité 1 : La procédure de classe

E dit : « Aujourd'hui, on va encore apprendre à prédire ce qui va se passer dans la suite d'une histoire. Faire une prédiction, c'est un peu comme deviner. On se sert de ce qu'on sait du texte, pour deviner ce qui va se passer ensuite.

Activité 2 : Observation de l'image

Appliquer la même démarche indiquée dans la routine d'exploitation du **Récit 1**.

Activité 3 : Modelage, pratique guidée et pratique autonome

Je fais /Nous faisons

E dit « Maintenant, je vais vous lire un texte. Vous allez bien faire attention. A la fin, nous allons essayer de prédire ce qui se passera après.»

E lit la première portion du Récit 2 qui va de « **Kër Maasàmba ...** » à « **ñu dégg luy yëngatu...** »

E dit : « Avant de faire notre prédiction, donnez-moi les premiers éléments importants de l'histoire. »

E demande à quelques élèves de répondre, et confirme à chaque fois les bonnes réponses. Si les élèves n'y arrivent pas, il/elle donne les réponses attendues. E dit : « **Ban gox la xale yu jigeen yi dëkk ? Fu dëkk bi sës ?** » (**Kër Maasàmba, dëkk bu sës ci àll la**). **Lu tax ñu war a moytu àll bi ? (dafa am jaan ju mag ju tudd warax).**

Tu fais

E dit : « Maintenant, on va faire une prédiction. Qui peut me dire ce qui va se passer ensuite? »

E demande à 3-7 élèves de faire des prédictions, il/elle les encourage à faire des prédictions différentes les unes des autres. E corrige les élèves en s'assurant qu'ils donnent des prédictions plausibles. Si aucun élève ne donne de prédiction plausible, E dit « : Une prédiction plausible, ce serait : « **xale yu jigeen ya, warax jàpp na leen, wann leen.** »

Je vais lire le reste de l'histoire, et on va voir si on a raison ou pas.

E lit la suite du Récit 1 qui va de « **Aram ni noppileen...** » à « **bu ma déglu woon, lii du am...** »

E dit : « Maintenant, on vérifie notre prédiction : est-ce qu'on avait raison ? Est ce qu'on a bien prédit ce qui allait se passer ? »

Si la prédiction faite par les élèves est différente de ce qu'il se passe dans l'histoire, E dit : « Qu'est ce qui était différent entre ce que vous avez prédit et ce qui se passe dans l'histoire ? »

Si les élèves ne savent pas, E dit : « **Sunu tontu ci fan lañu mujje mooy : jaan ji ñuy wax Warax wannul xale yépp. Aram rekk la Warax lekk ndax moom daa toppul ndigalu maamam Yuusu.** »

Enfin, E dit : « Quand on lit une histoire, on fait toujours des prédictions. Ensuite on voit si c'est juste ou pas. C'est comme ça qu'on comprend bien une histoire et c'est ça qui donne envie de lire la suite. »



Récit 3 – Jant bu ñu jàpp

Tey asamaan si leer na nàññ, set wecc, foo tollu di séen jant bi. Jigeen ñaa ngay rooti ca teen ba. Ñoo ngay **sànnante** ay baati kaf ak a reetaan. Góor ñaa ngay defaraat seen i sàkket ak seen néeg yi taw bi daaneeloon. Nees tuut, dëkk bi **lëndëm këriis**, jant bi suulu ci niir yi. Ñu ne jant bi lañu jàpp. Ci saa si, jaww ji soppeeku, lépp ni tekk.

Foo tollu, di dégg kiliŋ-kiliŋ ja ca jàngu ba. Jàkka ja itam fees dell ak ay jullit. Ñépp di ñaan Yàlla ngir li téye jant bi, bàyyi ko. Dañoo yàgg a foog ni, lii bu amee, ay mbindeef yu bon ñoo ko def. Te ay ñaan kepp a mën a tax ñu bàyyi ko. Anta ak Léwopool, seen xel dem ci lesonj bi leen Muse Saane jàngaloon ci **Xam-xamu dun**. Ñoom, xam nañu ni jant bu ñu jàpp tekkiwul li waa dëkk bi yaakaar. Ci li ñu jàng, loolu mu ngi tekki, saa yu weer wi làqoo, ci diggante suuf si ak jant bi. Waaye ngëm-ngëm daa am doole, moo tax Ndey, Ami ak Elen làquji seen néegu maam ndax tiitaange.

Bi mu demee ba ci kanam, lañu dégg nit ñi di sant Yàlla. Mbir mi yàggul ni ñu ko doon fooge jant bi dellusi na, tàmbalee **nes-nesi**. Elen ak Ami génnaat ci mbedd mi. Mu wóor leen ni amatuñu lu ñuy ragal. Jigeen ñi tàmbalee dem ak a ñëw. Ña ne woon ca jàngu ba ak ca jàkka ja ñaan nañu ba noppi. Waa dëkk bi nekkaat ci seen i yëngu-yëngu.

Baat yu yees yi :

- 1 **Sànnante ay baat** : di waxante ay baat.
- 2 **Lëndëm këriis** : ñuul kukk ba mel ni guddi.
- 3 **Xam-xamu dun** : lesonj biy jàngale xam-xamu àddina, te tudd Sewogaraafi.
- 4 **Nes-nesi** : lu leer bay lerax.

Laaj yi :

- 1 Lu ngeen gis ci nataal bi ?
- 2 Lu waa dëkk bi doon def bi ñu yeewoo ?
- 3 Lan moo xew ba waa dëkk bi bàyyi li ñu doon def ?
- 4 Nan la nettali bi war a mujjee, ci seen xalaat ?

Routine d'exploitation du Récit 3

Compréhension à l'audition : Répondre à des questions explicites

Objectif : Retrouver des informations explicites dans le texte

Durée : 30 minutes

Activité 1 : La procédure de classe

E dit : « Aujourd'hui, nous allons apprendre à répondre à des questions explicites sur une histoire entendue. Une question explicite, est une question dont on peut trouver la réponse directement dans le texte. »

Activité 2 : Observation de l'image

Appliquer la même démarche indiquée dans la routine d'exploitation du **Récit 1**.

Activité 3 : Modelage, pratique guidée et pratique autonome

Je fais

E dit : « D'abord, je vais vous montrer comment faire avec un exemple. Écoutez pendant que je lis. » E lit un passage du texte qui va de « **Tey asamaan si leer** » à « **... jaww ji soppeeku, lépp ni tekk...** »

E dit : « Donnez-moi les premiers éléments importants de l'histoire. »

E demande à quelques élèves de répondre, et confirme à chaque fois les bonnes réponses. Si les élèves n'y arrivent pas, il/elle donne les réponses attendues.

E dit : « **Lu waa dëkk bi doon def bi ñu yeewoo ? (Jigeen ña dañoo rooti ca teen ba, góor ña doon defaraat seen i sàkket ak seen néeg yi taw bi daaneeloon).** »

La réponse est donc directement tirée du texte.

Nous faisons

E dit : « Maintenant, essayons ensemble avec un autre exemple. Écoutez cette partie de l'histoire. » E lit la deuxième partie du texte et dit : « **Lu tax waa dëkk bi bàyyi lépp lu ñu doon def ?** » Vous allez répondre à cette question en vous basant sur les informations entendues. » Au besoin, E relit le passage pour soutenir la mémoire des enfants avant de demander à 3-4 élèves de répondre.

Si un élève réussit, E dit : « C'est bien ! **Dëkk bee lëndëm këriis, ñu ne jant bi lañu jàpp** »

Tu fais

E dit : « Maintenant, on va écouter la suite du texte. »

E lit le reste du texte et demande : « **Nu waa dëkk bi def ? Ndax xalaatu Anta ak Léwopool méngoo na ak xalaatu waa dëkk bi ?** »

E demande ensuite à 3-7 élèves de répondre. E encourage les élèves et confirme toujours la réponse à la fin en disant : « C'est bien ! **Ñépp a ngi ñaan Yàlla ngir ñu bàyyi jant bi ! Anta ak Léwopool xam nañu ni weer wi kenn jàppu ko, dafa nekk ci diggante suuf si ak jant bi, moo waral mu lëndëm nii.** »

Enfin, E dit : « Certaines questions ont donc leur réponse dans le texte. Il suffit de bien écouter. »

NB : Les questions explicites utilisées dans la routines sont aussi écrites en bas du Récit.



Récit 4 - Tukki bu bari gällankoor

Faatu dafa ganeji woon bàjjanam Ndakaaru. Ba tey ci dibeer ji mu war a ñibbi Làmbaay. Bi mu añee ba noppi, xaley ƙër gi gunge ko ba gaaraas ñu dugal ko ci oreeru Mbajaan bi. Bi ñetti waxtu di jot, oto bi tegu na ci yoon wi. **Tukkikat** yaa ngi waxtaan ak a werante, sófëer bi, di daw xél yu metti ndax tali bi féex na. Ñu jekki rekk, póno bi ne téll, oto bi di **baaje** ci kaw tali bi, ñépp di yuuxu.

Baay Moor nag sófëer bu mag la, dafa ñoy ci baar bi waaye laalul **poñekaay** yi. Bi mu taxawee, ñépp wàcc ak seen njàqare, Faatu di jooy, sófëer bi kirij oto bi, wekki póno bi daldi roof beneen. Ñu yéegaat, mu taal daldi teguwaat ci yoon wi. Mu mujj di daw ndànk, jiihlante ak yeneen oto yi. Naka mu génn Xombal rekk, oto bi di xëccu, ñépp tiit, mu taxaw dar gémmin gi ne : « Paan gaasu-waal ! »

Ñépp wàcc, ñii di **jabbatu**, ñii di jàmbat, mu jël bidonam, ne leen, ñu xaar ko mu dem Xombal. Kilyaan yi seen xol yi jeex tàkk, Faatu moom far di nelaw. Balaa am waxtu, ñew na ba taal jëm Ndàngalma, war a jël raŋ-raŋ bi. Oto bi di daw, pënd bi jolli, sófëer ba wàcc jël yoonu suuf wa. Bi muy séen néegi Làmbaay, la ngiro ci gannuus ba, oto bi fey. Ñu puus ba sonn, oto bi tàkkul. Faatu moom, jël saagam wuti Làmbaay te naan : « Yoon wu gaaw ak wu yeex, Yàlla rekk a ko yor ! »

Baat yu yees yi :

- 1 **Tukkikat** : kiy/ ñiy tukki, jóge fenn, jëm feneen.
- 2 **Baaje** : oto bi jëm wet gii, jëm wet gee.
- 3 **Poñekaay** : li ngay bës baa nga xëcc ko oto bi taxaw.
- 4 **Jabbatu** : di xultu, di waxtu, di jàmbat.

Laaj yi :

- 1 Lan njàngat ngeen mën a def ci ñaareelu pàcc bi ?
- 2 Lan njàngat ngeen mën a def ci ñetteelu pàcc bi ?
- 3 Lan moo tax póno oto bi toj ?
- 4 Lan njàngat ngeen mën a wax ci ab tukki ?

Routine d'exploitation du Récit 4

Compréhension à l'audition : Tirer des conclusions

Objectif : Apprendre à tirer des conclusions

Durée : 30 minutes

Activité 1 : La procédure de classe

E dit : « Quand on écoute une histoire, on doit penser à ce qu'on connaît déjà, afin de mieux comprendre l'histoire. Aujourd'hui, on va apprendre à tirer des conclusions sur un texte. Tirer des conclusions sur un texte, c'est penser à ce qu'on sait déjà et le mettre en relation avec ce qu'il y a dans le texte. D'abord, je vais vous lire la première partie d'une histoire, puis je vais vous montrer comment je fais. »

Activité 2 : Observation de l'image

Appliquer la même démarche indiquée dans la routine d'exploitation du **Récit 1**.

Activité 3 : Modelage, pratique guidée et pratique autonome

Je fais

E lit aux élèves le premier passage du récit qui va de « *Faatu dafa ganeji woon...* » à « *yuuxu...* ». E dit : « A la fin de l'histoire, j'utilise les informations que je connais déjà et je tire la conclusion que : « *xoolaat sa oto bala ngaa dem cib tukki baax na* » (Conclusion conforme au contenu du passage).

Nous faisons

E lit le deuxième passage du récit qui va de « *Baay Moor...* » à « *... gaasuwaal.* » et dit : « A la fin de l'histoire, je me demande : Quelle est la leçon que j'ai apprise dans cette histoire ? Je me sers de ce que je sais déjà pour tirer la conclusion. »

E demande à 3-4 élèves de tirer la conclusion. Il /elle encourage les élèves et confirme toujours la bonne réponse à la fin.

Tu fais

E lit le dernier passage du récit, qui va de « *Ñépp wàcc, ñii di jabbatu ...* » à « *Yàlla rekk a ko yor.* » et demande aux élèves de tirer les conclusions liées au récit. Il /elle les encourage et donne ou confirme toujours la réponse à la fin.

Enfin, E dit : « A la fin de l'histoire, je me demande : Quelle est la leçon que j'ai apprise dans cette histoire ? Je me sers de ce que je sais déjà pour tirer la conclusion. »



Récit 5 - Lëg ak guy ga

Buur dafa amoon janq bu **taaru** bu tudd Salma waaye amatul jàmm ndax far yu bari. Mu lal pexe daldi woote ca pénc ma, far yépp ñëw. Mu ne leen : « Ku mën a fitt mu bënn guy gi ba sar, laay may Salma. » Buur bi nag yaa-kaar na ne, loolu kenn mënu ko ndax ni guy gi rëye. Far ya dem, ku ne defarlu ji sa fitt.

Lëg wax ci xelam ne : « Li Buur bëgg, doole mënu ko waaye xel dara jaaxalu ko. » Mu dem seeti xaritam, Bën-Dénk ne ko : « Damaa bëgg a bënn guy ga ca pénc ma. Ma bëgg nga defaral ma fitt guy jam ba sar nu **dëggale** ko sunu xaritoo. Gunoor ga dem, ñetti fan muy daas, di lakk, di **nàmm** catal fitt gi ba dara mënu koo téye. Lëg defar geneen weñ gu sew te ñaw, yokk ko ca ba noppi, diw ko ba mu ratax.

Bésu jonante ba, pénc ma fees dell ak ay seetaankat, far yépp daje, Buur ak doom ji toog. Gaynde Njaay ak ñeneen ña, ku ne sànni waaye seen fitt yépp **nuur** ca guy ga. Ñu mer ba futt dem toogi. Lëg ne ñokket, ñépp daanu ci suuf ndax di ree. Mu nuyu Buur ak kilifa yépp, samp tànk bi, ñoddi fitt gi ba mu sës, mu wacc ko. Muy riir ànd ak doole, bënn guy gi ba pënd ba tasaaroo ca ginnaawam.

Salma jóg laxasu Lëg, Buur jox ko alal ju bari muy daagu ànd ak jabaram.

Baat yu yees yi :

- 1 **Taaru** : rafet, jongama.
- 2 **Dëggale** : luy leeral, luy wéral, luy firndeel.
- 3 **Nàmm** : defar weñ gi ngir mu gën a ñaw, gën a mën a dagg, aãs.
- 4 **Nuur** : dugg ca biir ba jeex.

Laaj yi :

- 1 Lan njàngat ngeen mën a def ci ñaareelu pàcc bi ?
- 2 Lan njàngat ngeen mën a def ci ñetteelu pàcc bi ?
- 3 Ci seen xalaat, bi Lëg bënnee guy gi, lan la mala yu mag yi yëg ?
- 4 Lan njàngat ngeen mën a def ci nettali bi ?

Routine d'exploitation du Récit 5

Compréhension à l'audition : Tirer des conclusions

Objectif : Apprendre à tirer des conclusions.

Durée : 30 minutes

Activité 1 : La procédure de classe

E dit : « Quand on écoute une histoire, on doit penser à ce qu'on connaît déjà, afin de mieux comprendre l'histoire. Aujourd'hui, on va encore apprendre à tirer des conclusions sur un texte. Tirer des conclusions sur un texte, c'est penser à ce qu'on sait déjà et le mettre en relation avec ce qu'il y a dans le texte. D'abord, je vais vous lire la première partie d'une histoire, puis je vais vous montrer comment je fais. »

Activité 2 : Observation de l'image

Appliquer la même démarche indiquée dans la routine d'exploitation du **Récit 1**.

Activité 3 : Modelage, pratique guidée et pratique autonome

Je fais

E lit aux élèves le premier passage du récit qui va de « **Buur dafa amoon janq...** » à « **... fittam** ». E dit : « A la fin de l'histoire, j'utilise les informations que je connais déjà et je tire la conclusion que : « **Buur dafay bariy pexe** » (Conclusion conforme au contenu du passage).

Nous faisons

E lit le deuxième passage du récit qui va de « **Lëg wax ci xelam...** » à « **... ba mu ratax.** » et dit : « A la fin de l'histoire, je me demande : Quelle est la leçon que j'ai apprise dans cette histoire ? Je me sers de ce que je sais déjà pour tirer la conclusion. »
E demande à 3-4 élèves de tirer la conclusion. Il /elle encourage les élèves et confirme toujours la bonne réponse à la fin.

Tu fais

E lit le dernier passage du récit, qui va de « **Bésu xëccoo...** » à « **...daagu ànd ak jabaram** » et demande aux élèves de tirer les conclusions liées au récit. Il /elle les encourage et donne ou confirme toujours la réponse à la fin.
Enfin, E dit : « A la fin de l'histoire, je me demande : Quelle est la leçon que j'ai apprise dans cette histoire ? Je me sers de ce que je sais déjà pour tirer la conclusion. »



Récit 6 - Ñetti nattu ci benn bëccëg

Nabu, jigeen ju am sutura la te bëgg **ngóora** ndax boroom këram bariwul doole waaye nanguwul xale yi ñàkk dara. Fan yii nag, njaayam mi doxul te dund bi jeex na. Guddi gi yépp nelawul ndax fu mu yónnee, ñu gantu ko. Bi muy xëy màrse, mu yóbbaale ceenu ooram **tayle** ko benn jaaykat.

Bi mu ñibbisee bay dugg ci kër gi, Nafi kar ko ne ko : « Dog nañu kuraŋ bi ak ndox mi. Mu yenniku ndugg mi, wuti néegam. Amatul menn peXe te xale yi war a nafar. Ñàkkum ndox mi nar a jur jafe-jafe ndax miinul di rootaan. Ak kuraŋ bu kuppe bi, xale yi duñu seetaan tele te duñu jàng guddi gi. Naka la taal añ bi rekk, daldi woo rakk ji nekk Ndakaaru mu yónnee ko xaalis. Mu wax Abdu, na dem jëli xaalis ba te fayaale ndox ma ak kuraŋ ba.

Ba ñu dellosee kuraŋ bi ak ndox mi, lu gaaw-gaaw, xale yi taal nañu tele bi ba tàmbalee soow. Nabu yakk añ bi, ñu lekk ba suur, dem jàngi. Moom, mu lal basanjam tàmbalee **xaran** ndax sonn. Waaye, balaa **yàndoor**, kenn ci xale yi jàngi woon yuuxu dugg ci kër gi. Mu tiite ci ay nelaw, jóg, ñu ne ko : « Demba la jakartaa fiir. Mu sol mbubbam wuti lopitaal. Bi mu eggee, fekk na ñu faj ko ba tëral ko ci ab lal.

Nabu laaj ko fuy metti ak fan la ko jakartaa bi mbëkke. Nabu jaaxle lool, ba yàgg mu ne : « Dëgg-dëgg, lii mooy njig-njigeen nag ! »

Baat yu yees yi :

- 1 **Ngóora** : ndam, waaw-góor.
- 2 **Tayle** : joxe dara ñu jox la xaalis, boo delloo xaalis ba jëlaat ko.
- 3 **Xaran** : kuy nelaw di noyyi noyyi yu ànd ak am riir mu foor.
- 4 **Yàndoor** : nelaw nelaw yu xóot.

Laaj yi :

- 1 Lan njàngat ngeen mën a def ci ñaareelu pàcc bi ?
- 2 Lan njàngat ngeen mën a def ci ñetteelu pàcc bi ?
- 3 Lan ngeen mën a wax ci Nabu ak nattu yi ko dal yépp ?
- 4 Lan njàngat ngeen mën a def ci nettali bi ?

Routine d'exploitation du Récit 6

Compréhension à l'audition : Tirer des conclusions

Objectif : Apprendre à tirer des conclusions.

Durée : 30 minutes

Activité 1 : La procédure de classe

E dit : « Quand on écoute une histoire, on doit penser à ce qu'on connaît déjà, afin de mieux comprendre l'histoire. Aujourd'hui, on va encore apprendre à tirer des conclusions sur un texte. Tirer des conclusions sur un texte, c'est penser à ce qu'on sait déjà et le mettre en relation avec ce qu'il y a dans le texte. D'abord, je vais vous lire la première partie d'une histoire, puis je vais vous montrer comment je fais. »

Activité 2 : Observation de l'image

Appliquer la même démarche indiquée dans la routine d'exploitation du **Récit 1**.

Activité 3 : Modelage, pratique guidée et pratique autonome

Je fais

E lit aux élèves le premier passage du récit qui va de « **Nabu, jigeen ju...** » à « **...jaaykat ba.** » E dit : « A la fin de l'histoire, j'utilise les informations que je connais déjà et je tire la conclusion que : « **ku sonn, njaboot moo la sonal** » (Conclusion conforme au contenu du passage).

Nous faisons

E lit le deuxième passage du récit qui va de « **Bi mu ñibbisee...** » à « **...ndox ma ak kuran ba.** » et dit : « A la fin de l'histoire, je me demande : Quelle est la leçon que j'ai apprise dans cette histoire ? Je me sers de ce que je sais déjà pour tirer la conclusion. » E demande à 3-4 élèves de tirer la conclusion. Il /elle encourage les élèves et confirme toujours la bonne réponse à la fin.

Tu fais

E lit le dernier passage du récit qui va de « **Ba ñu fayee kuran ba ak ndox...** » à « **...mooy njig-njigeen nag** » et demande aux élèves de tirer les conclusions liées au récit. Il /elle les encourage et donne ou confirme toujours la réponse à la fin. Enfin, E dit : « A la fin de l'histoire, je me demande : Quelle est la leçon que j'ai apprise dans cette histoire ? Je me sers de ce que je sais déjà pour tirer la conclusion. »



Récit 7 - Ñetti mbetteel yuy ñaawal kéew gi

Kaalidu, soldaar bu fonk tàggat yaram la. Suba teel lay wër mbeddi Tàmbaa yi. Bi muy jéggi tali bi, mu yem ci jenn jigeen juy tuur ndox mu salte te xasaw ci kaw yoon wi. Mu nuyu ko ne ko : « Bul tuurati ndox yu mel nii mukki ci mbedd mi. Aw yoon la, ku nekk a fiy jaar te mën na joxe feebar. » Mu digal ko ne : « Dangay gas am pax di ko ci sotti.»

Soxna si rus ba ne tott, wuti biir dëkk ba. Bi muy romb kër Góornoor, mu yem ci ñuy yékkati **raaya** réew mi ànd ak **bàkk** wa. Mu daldi taxaw moom ak ñeneen, waaye senn soxna ak genn góor ñoo ngay wëy. Ba ñu noppee, mu dab leen ne leen : « Yeen, lu tax taxawuleen ngir **wormaal** raaya wi ak bàkku réew mi ? » Ñu ne ko dañoo yàkkamti. Mu ne leen : « Loolu du aw lay, ndax taxaw gi **warugar** la ci ñépp te mënul a ñàkk. » Mu ñaax leen ba ñu réccu ñoom ñépp.

Bi muy daw bay toll ci garaasu kalandóo yi, mu yem ci wenn waxambaane mu jal mbalit mu bari. Mu teg ay póno ci kaw mbalit mi, daldi taal. Saxar si jolli kenn mënul noyyi foofu fépp. Kaalidu ne ko : «Yaw, yaa ngi lor nit ñi ndax fii bérebu mbooloo la. » Mu ne ko findifeer gi ci póno yi la soxla. Kaalidu ne ko : « Lii yoon da koy tere ndax dafay lor askan wi, dee ko lakkeji ca àll ba. » Mu waat ne dóotu ko defati mukki.

Baat yu yees yi :

- 1 **Bàkk** : woy wi réew mi di bàkkoo .
- 2 **Raaya** : xàmmeekaayu réew ; wu Senegaal, wert la, mboq bu am biddiw ak xonq.
- 3 **Warugar** : li nga war a def.
- 4 **Wormaal** : joxe cër, fonk.

Laaj yi :

- 1 Lan njàngat ngeen mën a def ci ñaareelu pàcc bi ?
- 2 Lan njàngat ngeen mën a def ci ñetteelu pàcc bi ?
- 3 Yan jikko ngeen mën a wax ci Kaalidu ?
- 4 Lan njàngat ngeen mën a def ci nettali bi ?

Routine d'exploitation du Récit 7

Compréhension à l'audition : Tirer des conclusions

Objectif : Apprendre à tirer des conclusions.

Durée : 30 minutes

Activité 1 : La procédure de classe

E dit : « Quand on écoute une histoire, on doit penser à ce qu'on connaît déjà, afin de mieux comprendre l'histoire. Aujourd'hui, on va encore apprendre à tirer des conclusions sur un texte. Tirer des conclusions sur un texte, c'est penser à ce qu'on sait déjà et le mettre en relation avec ce qu'il y a dans le texte. D'abord, je vais vous lire la première partie d'une histoire, puis je vais vous montrer comment je fais. »

Activité 2 : Observation de l'image

Appliquer la même démarche indiquée dans la routine d'exploitation du **Récit 1**.

Activité 3 : Modelage, pratique guidée et pratique autonome

Je fais

E lit aux élèves le premier passage du récit qui va de « **Kaalidu...** » à « **...di ko ci sotti** ». E dit : « A la fin de l'histoire, j'utilise les informations que je connais déjà et je tire la conclusion que : « **Tuur ndox mu tilim ci mbedd baaxul** » (Conclusion conforme au contenu du passage).

Nous faisons

E lit le deuxième passage du récit qui va de « **Soxna si rus...** » à « **...ñoom ñépp.** » et dit : « A la fin de l'histoire, je me demande : Quelle est la leçon que j'ai apprise dans cette histoire ? Je me sers de ce que je sais déjà pour tirer la conclusion. »
E demande à 3-4 élèves de tirer la conclusion. Il /elle encourage les élèves et confirme toujours la bonne réponse à la fin.

Tu fais

E lit le dernier passage du récit, qui va de « **Bi muy daw...** » à « **...defati mukk.** » et demande aux élèves de tirer les conclusions liées au récit. Il /elle les encourage et donne ou confirme toujours la réponse à la fin.
Enfin, E dit : « A la fin de l'histoire, je me demande : Quelle est la leçon que j'ai apprise dans cette histoire ? Je me sers de ce que je sais déjà pour tirer la conclusion. »



Récit 8 - Tukki jàng àddina

Baay Mbisaan, boroom xam-xam bu mag la woon te jaboot, dëkkoon Baasul. Amoon na doom ju déggoo ak moom, tuddoon Nangu.

Yaroon na ko, jàngal ko ba mu war a tukki ngir jàngi àddina. Mu ne ko : « Deel teral mag, deel dimbali koo tane te bul tiit, bul ragal. » Nangu xëy gannaayoo aw mburu, **gambu** ndox, malaan ak as **ngepp**. Mu yendoo dox, jéggi ab montaañ bay wàcc yem ci soxna su sonn ndax géj a lekk. Mu jox ko mburu ma ak ndox ma, teg ca malaan ma mu yoroon. Soxna sa jox ko jaarob xam-xam. Mu wàcc, dugg ci xur wu lëndëm, séen góor gu màggat. Mu ngi dox, di dal ci garab yi, ba yàgg mu daanu. Nangu nuyu ko, laaj ko fu mu jëm. Bi mu koy **gindi** ba yegg ci garab gu mag, mu taxaw, jox ko sunguf suy faj aajo.

Mu doxaat ab diir, tàbbi ci àll bu lëndëm te bari ay rab ak ay mala. Mu yoot ndànk ba génn, dugg ci dëkk buy bañ gan. Bi ñu ko yëgee, ñu jàpp ko yóbbu ca Buur. Buur xëy, woote ngir ñu ray ko bu mënul tontu laaj yi. Mu ne ko : « Firil ma ñetti **jubb** yi ci sama bopp bi ! » Nangu xool jaaro bi, ne ko : « Ñetti naqar lay firi. » Buur dar gémmiñ ga. Nangu ne ko : « Sa ñàkk a nelaw guddi, li ko waral mooy sa jabar dafa feebar, ki la war a donn dof. » Mu teg ca faj leen ca saa sa, ñoom ñépp ca sunguf sa.

Buur dëkkal ko, may ko alal ju bari ak soxna.

Baat yu yees yi :

- 1 **Ngepp** : jumtukaay bu am weñ gu samp ci bant, ñu ciy dagg walla gor. Semmiñ wu ndaw.
- 2 **Gamb** : mbuus mu ñu liggeeye der, defukaayu ndox.
- 3 **Gindi** : won ko yoon wi.
- 4 **Jubb** : léttub karaw bu dëll.

Laaj yi :

- 1 Lan njàngat ngeen mën a jële ci ñaareelu pàcc bi ?
- 2 Lan njàngat ngeen mën a jële ci ñetteelu pàcc bi ?
- 3 Lan moo dimbali Nangu ba tax amul jafe-jafe ci tukki bi ?

Routine d'exploitation du Récit 8

Compréhension à l'audition : Tirer des conclusions

Objectif : Apprendre à tirer des conclusions.

Durée : 30 minutes

Activité 1 : La procédure de classe

E dit : « Quand on écoute une histoire, on doit penser à ce qu'on connaît déjà, afin de mieux comprendre l'histoire. Aujourd'hui, on va encore apprendre à tirer des conclusions sur un texte. Tirer des conclusions sur un texte, c'est penser à ce qu'on sait déjà et le mettre en relation avec ce qu'il y a dans le texte. D'abord, je vais vous lire la première partie d'une histoire, puis je vais vous montrer comment je fais. »

Activité 2 : Observation de l'image

Appliquer la même démarche indiquée dans la routine d'exploitation du **Récit 1**.

Activité 3 : Modelage, pratique guidée et pratique autonome

Je fais


E lit aux élèves le premier passage du récit qui va de « **Baay Mbisaan ...** » à « **... jaarob xam-xam.** » E dit : « A la fin de l'histoire, j'utilise les informations que je connais déjà et je tire la conclusion que : « **jëf ju baax du neen mukk** » (Conclusion conforme au contenu du passage).

Nous faisons

E lit le deuxième passage du récit qui va de « **Mu** » à « **ajjo** » et dit : « A la fin de l'histoire, je me demande : Quelle est la leçon que j'ai apprise dans cette histoire ? Je me sers de ce que je sais déjà pour tirer la conclusion. » « **ku def lu baax, am lu baax** »
E demande à 3-4 élèves de tirer la conclusion. Il /elle encourage les élèves et confirme toujours la bonne réponse à la fin.

Tu fais

E lit le dernier passage du récit, qui va de « **Mu wàcc...** » à « **...alal ju bari ak soxna.** » et demande aux élèves de tirer les conclusions liées au récit. Il /elle les encourage et donne ou confirme toujours la réponse à la fin. « **ku la teral, tëral la** »
Enfin, E dit : « A la fin de l'histoire, je me demande : Quelle est la leçon que j'ai apprise dans cette histoire ? Je me sers de ce que je sais déjà pour tirer la conclusion. »
« **jëf ju baax foo nekk mu wallu la** ».



Récit 9 - Weñ ak yoo

Weñ ak yoo bari nañu lool ci sunu dëkkuwaay yi. Nun ak ñoom, ñooy dund bés bu Yàlla sàkk. Ñoom ñaar, ñoo bokk melo yii : ñoom ñaar ñépp ay mala yu ndaw yuy naaw lañu. Am nañu ku ci nekk ay laaf.

Yoo wi ñuy woowe anofel ñeenti laaf la am, weñ moom am ñaari laaf. Juroom benni tànk la ñu am ñoom ñaar, tey nen, nen yu **tuuti gallaxtaan**. Mala yu tasaaroo lañu ci sunu kéew te dañuy lor nit. Anofel moom, mooy yoo wiy joxe sibbiru. Anofel a ngi joxe sibbiru su la màttee di **muucu** sa dereet, fekk jot naa màtt ku sibbiru. Daanaka, dereetu nit lay dunde. Yoo yaa ngi gën a bari ci bérebu ndox yi ak taa-taa yi muy tëmbal ay nenam. Nen yooyu ñooy soppaliku ay wallaxnjaan yi nar a nekk ay yoo. Nanu xam ne kon **wallaxnjaan** yi nuy gis ci biir yenn ndox yi ñooy mujj a nekk ay yoo. Ngir aaru ci sibbiru, danoo war a fanaan ci ay **sànke** yu ñu nàndal ak tooke biy ray yoo yi. War nanu it far bépp béreb bu ndox di taa lu yàgg.

Weñ moom, danuy jox feebar ndax mooy tasaare doomu jàngoro yi. Dafay nen it ci ñam yi ñuy lekk. Nen yooyooy indi feebaru biir buy daw walla yu mel ne moom. Boo ko seetloo, weñ a ngi gën a bari ci béreb yu salte yi, ci mbalit mi ak bérebu suturlukaay yi.

Toppatoo béreb yooyu, dafa war ci jamono ju nekk. Lu mel ne oddusawel baax na lool ci dàq ay weñ.

Baat yu yees yi :

- 1 **Tuuti gallaxtaan** : tuutee tuuti
- 2 **Muucu** : xëcc ak sa gémmiñ walla beneen jumtukaay lu ndoxe mu jëm ci sa biir.
- 3 **Walaxnjaan** : mbindeef yu sew mel ne sax, tey walax-walaxi ci biir ndox yu taa yi.
- 4 **Sànke** : jumtukaay bu ñuy takk ci kaw lal ngir aaru ci màtt-màttu yoo yi.

Laaj yi :

- 1 Yan mala lañuy waxtaane ci jukki bi ?
- 2 Lan la ñaari mala yi nuroole ?
- 3 Lan la nu yoo mën a indil ? Naka lañuy aaroo ci moom ?
- 4 Lan la nu weñ mën a indil ? Naka lañuy aaroo ci moom ?

Routine d'exploitation du Récit 9

Compréhension à l'audition : Exploitation globale d'un texte oral

Objectif : Répondre correctement aux questions posées après l'audition d'un texte.

Durée : 30 minutes

1. Contrat d'écoute

- Dites aux élèves qu'ils vont s'entraîner encore à comprendre un texte oral.
- Dites-leur à haute voix le titre de l'histoire et vérifiez s'ils ont tous bien compris.
- Montrez-leur l'illustration et posez-leur des questions afin de leur permettre notamment de faire des prédictions/hypothèses sur le contenu de l'histoire que vous allez leur lire.
- Mobilisez leur attention pour l'écoute du texte en leur disant que vous allez leur poser des questions à la fin de votre lecture et ils devront y répondre correctement.

2. Phase de lecture-écoute

Lisez-leur l'histoire à haute voix avec le rythme, la gestuelle et l'expressivité requis.

NB : Lire n'est pas raconter. Lisez ce qui est dans le texte et ne commentez pas !

3. Phase de post-écoute

Posez les questions indiquées en bas du récit et qui portent sur la compréhension générale de l'histoire.



Récit 10 - Mbonaat ak Mbott

Mbonaat ak Mbott dañoo nekkoon ay waay. Mbonaat nag, dafa bari xam-xam. Benn bés, Mbott ni ko, damaa bëggoon nga liggeeyal ma **téere** buy maye doole. Damaa bëgg a daan sama bépp moroom ci làmb ji. Mbonaat ni ko, loolu yomb na ma waaye ci kaw nga nangul ma ni doo bëre mukk ak man. Noonu, Mbott ni ko waatal naa la ne дума la mas a dëkk.

Mbonaat defar téere ba jox ko. Mbott yég dooleem yokku, mu tàmbalee bàkku. Mu bég lool, soppi doxin wa, te naan, rabi àll yi ñëw leen **bëre**. Ci la ni, bëgg naa jàmmarloo ak ñépp, kenn kenn. Ñépp di ko ree ndax xeeb ko, yokk ci muy rëy-rëylu. Ñu ni kii, Kaña doy na ci moom, dina ko daan jéll bu leer. Mbott bett leen, daan kaña ci ay simili. Ñu jox ko Lëg ni mu ko def a gën a metti. Daa jàpp ci nopp yi rekk, sànni ko mu daanu, ne nemm. **Làmb ja** di wéy, mu daan Suñneel, teg ca Mbaam-àll ak Kéwel ba ci Bukki. Daan na mbër yépp. Loolu jay ko muy **rëy-rëylu** ci kanamu Mbonaat. Nees tuut, mu ne Mbonaat : « Yaw danga yaakaar ni dama laa ragal ? »

Mbonaat mujj a nangoo bëre ak moom. La mu jëkk a def mooy rocciwaat doole ja mu ko joxoon. Làmb ja door, Mbonaat jël tànku Mbott, wëndeel ko ba mu miir, sànni ko mu dali ca déeg ba. Mbott rus, ba mujj fa dëkk. Looloo waral, mbott yi dëkk ci ndox mi.

Baat yu yees yi :

- 1 **Téere** : xarfafuufa, gàllaaj.
- 2 **Bëre** : ñaari mbër yu songoo, di jàmmaarloo.
- 3 **Làmb ja** : palaas ba ñuy bëree.
- 4 **Rëy-rëylu** : di yékkati sa bopp, foog ne yaa gën ñépp, mën ñépp.

Laaj yi :

- 1 Ñan ñoo nekk ci jukki bi ? (Xoolleen nataal bi.)
- 2 Waxal li xew ak fu mu xewe ?
- 3 Kiy bàkku ak di rëy-rëylu, kan la ?
- 4 Nu làmb jiy mujje ?

Routine d'exploitation du Récit 10

Compréhension à l'audition : Grammaire de l'histoire.

Objectif : Trouver l'intrigue de l'histoire en travaillant sur la grammaire de l'histoire

Durée : 30 minutes

Préparation :

E trace au tableau la grille ci-dessous.

E élabore ou collecte deux petits récits dans la langue nationale ciblée, pour les exploiter dans les étapes « je fais » et « nous faisons ».

Ñu nekk ci jukki bi ?	
Fu yëf yi xewe ?	
Lu xew ?	
Nu mu mujje ?	

Activité 1 : Procédure de classe.

Aujourd'hui, on va apprendre une nouvelle stratégie pour bien comprendre un texte. On va étudier comment une histoire est organisée. On va identifier (pointez au tableau chaque fois) :

- Les personnages principaux. Ce sont les personnages qui sont les plus importants pour l'histoire.
- La situation. C'est l'endroit où se passe l'histoire.
- Le problème. Dans une histoire, il y a toujours un problème qui se pose.
- La fin. Dans une histoire, à la fin, le problème est résolu.

Activité 2 : Modelage, pratique guidée et pratique autonome

Je fais : E lit le premier petit récit et utilise la grille pour trouver l'information principale de ce que le récit donne (**qui, quoi, où, comment ?**).

Nous faisons

E lit le deuxième petit récit et dit : « Maintenant, on va trouver la grammaire de l'histoire ensemble. » Il/elle utilise la grille avec les élèves, pour répondre aux questions **qui, quoi, où, comment ?**

Tu fais

Activité 2 : Observation de l'image

Appliquer la même démarche indiquée dans la routine d'exploitation du **Récit 1**.

E demande aux élèves de bien écouter avant de leur lire le récit 10.

Après la lecture, L'enseignant(e) pose les questions suivantes:

Ñu nekk ci jukki bi ?

Fu yëf yi xewe ?

Lu xew ?

Nu mu mujje ?



Récit 11 - Nit, nit ay garabam

Almaami, nekkoon na nit ku **lëndëmoon**, ku doyyoon waar itam. Faalewul woon kenn ci gox bi mu dëkk. Bu rombaan dëkkandoo yi, daawu leen nuyu, te ku ko nuyu waan du la fay. Looloo taxoon waa dëkk bi doon ko woowe « **ku beddiku** ki ». Tey, waa dëkk bi, xëyyoon nañu tool. Bi benn waxtu jotee, ñépp wàcc nañu, bay **dallu**. Dëkk bi bari na ngelaw lool, waaye terewul Almaami ñàbb safara jëm néegam. Jekki-jekki rekk, xale yi doon futbol séen saxaar suy jolli jëm kaw, ñu yuuxu.

Baay Ceerno ne : « Li may séen ag daay lay nirool ! »

Waaye Ablaay Puuy ni ko : « Xoolal bu baax, li may séen nii, kër Almaami la, mooy lakk de. Bu nu gaawul, **caaf xëm**. »

Ca la Basiiru ne, jaru ko ndax Almaami nit la ku faalewul kenn, du dem ci kenn. Noonu, Baay Demba ni leen, bu ñu gaawtu, xayna Almaami dafay nit ku bari kersa rekk. Te itam doomu aadama la, war nanu koo wallu. Ca saa sa, ñu dem ànd ak ñeneen nit ngir feyi lakk ga. Ci lañu taxawale ab rañ bu gudd, bu jóge ca dex ga jëm ca kër Almaami. Nit ñi di awante siwo yi ak paan yi ci lu gaaw te yéeme. Ca lu matul waxtu rekk, lakk ga fay. Almaami mënul siggi xool nit ñi, rus na lool, waaye mujj na takk fitam wax ak ñoom.

Ci la ni, mu ngi sant dëkkandoo yi, di leen gërëm. Bés ni tey, dinaa duggalante ak askan wi. Di saafonte ak ñoom ba lu xewati mu teew.

Baat yu yees yi :

- 1 **Nit ku lëndëm** : nit ku kenn xamul ay mbiram, ku nëbbu.
- 2 **Ku beddiku** : ku ber boppam, ku bëgg wéetaay.
- 3 **Dallu** : noppalu.
- 4 **Caaf xëm** : bu gaawul mu ñaaw, musiba am, jafe-jafe am.

Laaj yi :

- 1 Ñan ñoo nekk ci jukki bi ? (xoolleen nataal bi)
- 2 Waxal lan moo xew ak fu mu xewe ?
- 3 Ki ñuy dimbali kan la ? Ndax jar naa dimbali ?
- 4 Naka la lakk gi mujje ?

Routine d'exploitation du Récit 11

Compréhension à l'audition : Grammaire de l'histoire.

Objectif : Trouver l'intrigue de l'histoire en travaillant sur la grammaire de l'histoire

Durée : 30 minutes

Préparation :

E trace au tableau la grille ci-dessous.

E élabore ou collecte deux petits récits dans la langue nationale ciblée, pour les exploiter dans les étapes « je fais » et « nous faisons ».

Ñu nekk ci jukki bi ?	
Fu yëf yi xewe ?	
Lu xew ?	
Nu mu mujje ?	

Activité 1 : Procédure de classe.

Aujourd'hui, on va apprendre une nouvelle stratégie pour bien comprendre un texte. On va étudier comment une histoire est organisée. On va identifier (pointez au tableau chaque fois) :

- Les personnages principaux. Ce sont les personnages qui sont les plus importants pour l'histoire.
- La situation. C'est l'endroit où se passe l'histoire.
- Le problème. Dans une histoire, il y a toujours un problème qui se pose.
- La fin. Dans une histoire, à la fin, le problème est résolu.

Activité 2 : Modelage, pratique guidée et pratique autonome

Je fais : E lit le premier petit récit et utilise la grille pour trouver l'information principale de ce que le récit donne (**qui, quoi, où, comment ?**).

Nous faisons

E lit le deuxième petit récit et dit : « Maintenant, on va trouver la grammaire de l'histoire ensemble. » Il/elle utilise la grille avec les élèves, pour répondre aux questions **qui, quoi, où, comment ?**

Tu fais

Activité 2 : Observation de l'image

Appliquer la même démarche indiquée dans la routine d'exploitation du **Récit 1**.

E demande aux élèves de bien écouter avant de leur lire le récit 11.

Après la lecture, L'enseignant(e) pose les questions suivantes:

Ñu nekk ci jukki bi ?

Fu yëf yi xewe ?

Lu xew ?

Nu mu mujje ?



Récit 12 - Ñetti fuqale ya

Benn bés, ñaari **fuqale** dañoo dox ba daje ci benn béreb. Ba ñu nuyoontee, saafontee ba noppi, ku nekk di nettali sa moroom sa **jaloore**. Kenn ka ne moom, dafa doon lekk wépp ñam wu mu gis ca kër ga. Ba seen waa kër sonnee, la ko baayam génne kër ga. Keneen ka ne moom itam, baayam dafa koo génne këram ndax dafa fuqale, kenn mënu koo suural. Ba ku nekk nettalee jalooreem, lañu xam ne ñoom ñaar ñoo bokk jikko. Ca noonu, lañu jël dogal ànd seenuw yoon.

Ca yoon wa, tuuti lañu dox rekk, ku nekk di jàmbat xiif. Ñu séen benn dëkk, gaawtu dem wuti lu ñu lekk. Ñu dem ca màrse ba, jënd boolu ndambe. Ku ndaw ki di gaawtu bëgg a **sóob** loxoom. Ku mag ki ne : « Déet ! Xaaral ! Noo war a tolloo lu nuy lekk ! »

Keneen ki ne ko : « Nanu wuti puso, di lekkando benn-benn, ndax kenn du ëppale sa moroom. »

Ñu tàmbali lekk ndambe ja, ba mu des benn ñebbe. Kenn bëggu koo bàyyee ak sa moroom te itam xamuñu nu ñu war a def.

Ca noonu, la jenn waay romb, ñaari fuqale yi woo ko ngir mu dimbali leen ñu séddoo seen doomu ñebbe ba. Ca la waa ja génnee paakaam, dagg ñebbe ba ci digg ba. Ku nekk mu jox la wenn xar, xuloo bi daldi jeex. Waaye, waa ji moom itam ku fuqale la, mu bëgg a mos ci ñebbe bi. Mu mar paaka bi, far dagg làmmiñam. Nuy laaj, ñoom ñett, ku gën a fuqale sa moroom ?

Baat yu yees yi :

- 1 **Fuqale** : Mooy ku bëgg lekk lool.
- 2 **Jaloore** : Mën na tekki jaar-jaar, jëf ju rëy ju am njariñ.
- 3 **Sóob** : Mooy ci jukki bi, dugal.

Laaj yi :

- 1 Ñan ñoo nekk ci pàcc bi jëkk ci jukki bi ? Lu xew ?
- 2 Tënkal xibaar bi ëpp solo, ci ñaareelu pàccu jukki bi.
- 3 Lan moo nekk ci ñetteelu pàccu jukki bi ?
- 4 Tënkal, ci baat yu gàtt, li ëpp solo ci ñetteelu pàccu jukki bi.

Routine d'exploitation du Récit 12

Compréhension à l'audition : Raccourcir un paragraphe.

Objectif : Apprendre à résumer et à trouver l'idée principale

Durée : 30 minutes

Préparation : E trace au tableau la grille ci-dessous.

Kan moo nekk ci pàccu jukki bi ? Lu xew ?	
Xibaar bi ëpp solo ci pàccu jukki bi.	
Tënku xibaar bi ëpp solo ci pàccu jukki bi.	

Activité 1 : Procédure de classe.

E dit : « Aujourd'hui, on va voir une stratégie qui va nous permettre de bien comprendre un texte. C'est la stratégie consistant à raccourcir un paragraphe. Quand on pense au mot raccourcir, on pense à quelque chose qu'on rend plus court.

C'est exactement ce qu'on va faire avec des paragraphes que je vais vous lire.

L'information la plus importante dans un paragraphe, elle s'appelle l'idée principale. Donc, on va raccourcir des paragraphes, pour en trouver l'idée principale. »

Activité 2 : Observation de l'image

Appliquer la même démarche indiquée dans la routine d'exploitation du **Récit 1**.

Je fais :

E lit le premier paragraphe de l'histoire et renseigne la grille étape par étape

Nous faisons

E dit : « Maintenant, essayons ensemble. Je vais lire le deuxième paragraphe du récit et nous allons utiliser le tableau pour le raccourcir. »

Les élèves doivent raccourcir le paragraphe en 10 mots au plus. Si une réponse est trop longue, E laisse l'élève finir et dit : « Est-ce que tu peux me redire cela mais avec moins de mots ? »

Tu fais

E dit : « Maintenant, à votre tour. Je vais vous lire le dernier paragraphe de l'histoire et vous allez utiliser ce qui est écrit dans la grille pour le raccourcir.

Qui peut me dire :

- de qui ou de quoi parle le paragraphe ?

- quelle est l'information la plus importante qu'on en donne ?

En quelques mots, qui peut raccourcir le paragraphe. » Les élèves doivent raccourcir le paragraphe en 10 mots au plus. Si une réponse est trop longue, laissez l'élève finir et demandez : « Est-ce que tu peux me redire cela mais avec moins de mots ? »



Récit 13 - Cetug kër gi

Ay fan, laata Tabaski jot, Baay Hammaat dafa dajale njabootam gi, **sas** leen ñu setal kër gi. Ba ñu nee suba la, ca fajar, waa kër ga yépp jóg, jigeen ak góor. Ñii di bale, ñeneen ñi di **tonni** mbalit mi. Haali moo bale ètt bi ba mu set wecc. Yaama moo raxas wanag wi. Seen yaay Satu, moo féetewoo raxas ndab yi. Magu xale yi, Ramatulaay, moo fëgg basañ yi, fomp kaas yi. Móodu, moo gas pax mi ñuy dugal mbalit mi yépp.

Waxtu wi waa kër gi di liggeey, Tafaa, caatu kër gi, moo ngi ci suufu garab gi ci ètt bi. Tafaa moo ngi tëdd ci suuf, di **wañaaru**. Bi ko yaayam Satu laajee lu xew, mu ni biiram mooy metti. Ñu teg ca diir bu gàtt, xaritam yi ñëw. Moom mi doon jàmbat biir buy metti, moo ngi fo ak ñoom. Mu ngi tëb ak a dal, mel ni ku dara dalul. Ci la yaayam xame ne Tafaa dafa doon tappale.

Ci jamono jooju, la Baay Hammaat egisi, gis ne ñépp ñi nekk ci kër gi liggeey nañu ba mu des Tafaa. Tafaa ku yaafus la. Waaye Baay Hammaat jox ko be-
neen liggeey, ba noppi taxawu ko. Da koo wax mu bale mbaari xar yi. Tafaa, jël rato, bale lépp, an mbalit mi, tuuri ko.

Bi liggeey bi noppee, kër gi yépp set wecc. Baay Hammaat ak waa këram bég lool, di xaar suba jot, ñu feetu seen Tabaski.

Baat yu yees yi :

- 1 **Sas** : Mën nañu ko tekkee sant liggeey.
- 2 **Tonni** : buub, an.
- 3 **Wañaaru** : Mooy kuy fuddutu ndax mettit.

Laaj yi :

- 1 Kan moo nekk ci pàcc bi jëkk ci jukki bi ? Lu xew ?
- 2 Tënkal xibaar bi ëpp solo ci ñaareelu pàccu jukki bi ci baat yu gàtt ?
- 3 Lan moo nekk ci ñetteelu pàccu jukki bi ?
- 4 Tënkal, ci baat yu gàtt, li ëpp solo ci ñetteelu pàccu jukki bi.

Routine d'exploitation du Récit 13

Compréhension à l'audition : Raccourcir un paragraphe.

Objectif : Apprendre à résumer et à trouver l'idée principale

Durée : 30 minutes

Préparation : E trace au tableau la grille ci-dessous.

Kan moo nekk ci pàccu jukki bi ? Lu xew ?	
Xibaar bi ëpp solo ci pàccu jukki bi.	
Tënku xibaar bi ëpp solo ci pàccu jukki bi.	

Activité 1 : Procédure de classe.

E dit : « Aujourd'hui, on va voir une stratégie qui va nous permettre de bien comprendre un texte. C'est la stratégie consistant à raccourcir un paragraphe. Quand on pense au mot raccourcir, on pense à quelque chose qu'on rend plus court. C'est exactement ce qu'on va faire avec des paragraphes que je vais vous lire. L'information la plus importante dans un paragraphe, elle s'appelle l'idée principale. Donc, on va raccourcir des paragraphes, pour en trouver l'idée principale. »

Activité 2 : Observation de l'image

Appliquer la même démarche indiquée dans la routine d'exploitation du **Récit 1**.

Je fais :

E lit le premier paragraphe de l'histoire et renseigne la grille étape par étape

Nous faisons

E dit : « Maintenant, essayons ensemble. Je vais lire le deuxième paragraphe du récit et nous allons utiliser le tableau pour le raccourcir. »
Les élèves doivent raccourcir le paragraphe en 10 mots au plus. Si une réponse est trop longue, E laisse l'élève finir et dit : « Est-ce que tu peux me redire cela mais avec moins de mots ? »

Tu fais

E dit : « Maintenant, à votre tour. Je vais vous lire le dernier paragraphe de l'histoire et vous allez utiliser ce qui est écrit dans la grille pour le raccourcir.
Qui peut me dire :
- de qui ou de quoi parle le paragraphe ?
- quelle est l'information la plus importante qu'on en donne ?
En quelques mots, qui peut raccourcir le paragraphe. » Les élèves doivent raccourcir le paragraphe en 10 mots au plus. Si une réponse est trop longue, laissez l'élève finir et demandez : « Est-ce que tu peux me redire cela mais avec moins de mots ? »



Récit 14 - Ñetti bëgg-bëgg ya

Góorgi Mataar ak jabaram Xujja, ay beykat yu **ndóol** lañu ba am jafe-jafey dundal seen njaboot. Dañuy bey ba sonn te bu nawet bi wàccee duñu am lu leen doy. Ñu jaaxle lool. Benn bés, góor gu mage lool ñew seetsi leen. Ñu dalal ko, may ko ndox mu sangu, teg ca may ko cere mu reer. Gan gi reer ba suur këll, daldi dem tédde ci néeg bi ñu ko dalal.

Bi gan gi nelawee ba yeewu, ñu may ko mu ndékki. Ba mu lekkaatee ba suur, mu sant Góorgi Mataar ak jabaram Xujja, ci terànga ji. Laata muy dem, mu xamal leen ni moom jinne la. Nañu ko laaj lu ñu bëgg rekk, mu defal leen ko. Waaye, mu ne leen ñetti bëgg-bëgg rekk ngeen ma mën a **diis**.

Xujja ak fuqaleem ne : « Boolu yàpp bu ñu togg ba mu neex laa bëgg. » Laata muy paree wax bëgg-bëgg bi rekk, boolu yàpp bi taaje ci kanamam. Góorgi Mataar mer lool ngir lu **néew** li jabaram ji laaj. Ci ñaareelu bëgg-bëgg bi, Góorgi Mataar laaj ñu yen boolu yàpp bi jabaram ji. Ci noonu la geestu, gis ndab li ci digg boppu jabar ji. Mu def lu nekk ngir dindi ko waaye, mēnu ci dara. Ci ñetteelu bëgg-bëgg bi la waxe jinne ji, mu teggi nattu bi tege ci boppu jabaram. Jinne ja may ko loolu, boppu jabar ji féex. Jinne ji geestu ne ko : « Li ma leen digoon jeex na. »

Li dal Góorgi Mataar ak jabaram mooy, li ñuy wax naan bala ngaa wax, seetlu ko bu baax.

Baat yu yees yi :

- 1 **Ndóol** : Mooy ku ñàkk lool. Ku amul dara.
- 2 **Diis** : Mooy tekki ci jukki bi, wax sa soxla.
- 3 **Néew** : Mooy lu tuuti, lu amul solo.

Laaj yi :

- 1 Kan moo nekk ci pàcc bi jëkk ci jukki bi ? Lu xew ?
- 2 Tēnkali xibaar bi ëpp solo ci ñaareelu pàccu jukki bi.
- 3 Lan moo nekk ci ñetteelu pàccu jukki bi ?
- 4 Tēnkali, ci baat yu gàtt, li ëpp solo ci ñetteelu pàccu jukki bi.

Routine d'exploitation du Récit 14

Compréhension à l'audition : Raccourcir un paragraphe.

Objectif : Apprendre à résumer et à trouver l'idée principale

Durée : 30 minutes

Préparation : E trace au tableau la grille ci-dessous.

Kan moo nekk ci pàccu jukki bi ? Lu xew ?	
Xibaar bi ëpp solo ci pàccu jukki bi.	
Tënku xibaar bi ëpp solo ci pàccu jukki bi.	

Activité 1 : Procédure de classe.

E dit : « Aujourd'hui, on va voir une stratégie qui va nous permettre de bien comprendre un texte. C'est la stratégie consistant à raccourcir un paragraphe. Quand on pense au mot raccourcir, on pense à quelque chose qu'on rend plus court. C'est exactement ce qu'on va faire avec des paragraphes que je vais vous lire. L'information la plus importante dans un paragraphe, elle s'appelle l'idée principale. Donc, on va raccourcir des paragraphes, pour en trouver l'idée principale. »

Activité 2 : Observation de l'image

Appliquer la même démarche indiquée dans la routine d'exploitation du **Récit 1**.

Je fais :

E lit le premier paragraphe de l'histoire et donne à l'oral, étape par étape, les éléments de réponse permettant de renseigner la grille .

Nous faisons

E dit : « Maintenant, essayons ensemble. Je vais lire le deuxième paragraphe du récit et nous allons utiliser le tableau pour le raccourcir. »
Les élèves doivent raccourcir le paragraphe en 10 mots au plus. Si une réponse est trop longue, E laisse l'élève finir et dit: « Est-ce que tu peux me redire cela mais avec moins de mots ? »

Tu fais

E dit : « Maintenant, à votre tour. Je vais vous lire le dernier paragraphe de l'histoire et vous allez utiliser ce qui est écrit dans la grille pour le raccourcir.
Qui peut me dire :
- de qui ou de quoi parle le paragraphe ?
- quelle est l'information la plus importante qu'on en donne ?
En quelques mots, qui peut raccourcir le paragraphe. » Les élèves doivent raccourcir le paragraphe en 10 mots au plus. Si une réponse est trop longue, laissez l'élève finir et demandez : « Est-ce que tu peux me redire cela mais avec moins de mots ? »



Récit 15 - Sunu jàngalekat bi

Ki ñuy jàngal moo ngi tudd Muse Sàll. Ay atam, war na toll ci ñeent-fukk. Ku am taxawaay la. Dafa xees pecc ba ñu di ko jaawale ak naar. Boppam bi dafa koy toppatoo bu baax. Waxtu woo ko gisee, fekk nga mu peñe kawaram ba mu rafet. Bëñ yi itam, dañoo weex tàll. Yére yi muy sol, dañuy set wecc, ñu paase ko ba mu tàlli te muy xeeñ lu neex. Dàllam yi, da koy fomp ba muy melax. Doxin wu **teey** la am.

Suba su nekk, balaa juroom-ñetti waxtu di jot, dina fekk Muse Sàll ñew ci ekool bi. Jikko jooju, wàll na ko elewam yépp. Kenn ci ñoom du tàrde. Muse Sàll, bu egsee, dafay baleloo elew yi kalaas bi, ba mu set. Mu dugal leen kenn kenn. Ci biir kalaas bi, Muse Sàll fulla ju bari lay def ci liggeeyam. Ci njàngalem liifantu, farlu na ci lool. Elewam yi, jukki boo leen jox, ñu jàng ko bu baax. Bu ñu jàngee ba noppi, loo leen ci laaj, ñu jox la tontu lu leer.

Muse Sàll, jàmm ju bari la am ak **nawleemi** jàngalekatam. Sunu direktëer, cër bu rëy la ko jox. Ci biir dëkk bi, Muse Sàll, xaritu ñépp la. Leeg-leeg, mu dem ci biir kër yi, di ñaax wayjur yi, ñu jàpp ci njàngum xale yi. Waa dëkk bi wóolu nañu ko lool. Ku am lu la jaaxal, dem ci Muse Sàll ngir mu xelal la. Ku am **yitte** la itam, ku mu dégg mu feebar ci dëkk bi, seeti na la.

Baat yu yees yi :

- 1 **Teey** : Mu ngi tekki dal.
- 2 **Nawle** : Mooy ki nga yemal, ki nga tollool.
- 3 **Yitte** : Mooy yëg-yëg ci nit.

Laaj yi :

- 1 Kan moo nekk ci pàcc bi jëkk ci jukki bi ? Lu xew ?
- 2 Tënk'al xibaar bi ëpp solo ci ñaareelu pàccu jukki bi ?
- 3 Lan moo nekk ci ñetteelu pàccu jukki bi ?
- 4 Tënk'al, ci baat yu gàtt, li ëpp solo ci ñetteelu pàccu jukki bi.

Routine d'exploitation du Récit 15

Compréhension à l'audition : Raccourcir un paragraphe.

Objectif : Apprendre à résumer et à trouver l'idée principale

Durée : 30 minutes

Préparation : E trace au tableau la grille ci-dessous.

Kan moo nekk ci pàccu jukki bi ? Lu xew ?	
Xibaar bi ëpp solo ci pàccu jukki bi.	
Tënku xibaar bi ëpp solo ci pàccu jukki bi.	

Activité 1 : Procédure de classe.

E dit : « Aujourd'hui, on va voir une stratégie qui va nous permettre de bien comprendre un texte. C'est la stratégie consistant à raccourcir un paragraphe. Quand on pense au mot raccourcir, on pense à quelque chose qu'on rend plus court. C'est exactement ce qu'on va faire avec des paragraphes que je vais vous lire. L'information la plus importante dans un paragraphe, elle s'appelle l'idée principale. Donc, on va raccourcir des paragraphes, pour en trouver l'idée principale. »

Activité 2 : Observation de l'image

Appliquer la même démarche indiquée dans la routine d'exploitation du **Récit 1**.

Je fais :


E lit le premier paragraphe de l'histoire et donne à l'oral, étape par étape, les éléments de réponse permettant de renseigner la grille .

Nous faisons

E dit : « Maintenant, essayons ensemble. Je vais lire le deuxième paragraphe du récit et nous allons utiliser le tableau pour le raccourcir. »
Les élèves doivent raccourcir le paragraphe en 10 mots au plus. Si une réponse est trop longue, E laisse l'élève finir et dit: « Est-ce que tu peux me redire cela mais avec moins de mots ? »

Tu fais

E dit : « Maintenant, à votre tour. Je vais vous lire le dernier paragraphe de l'histoire et vous allez utiliser ce qui est écrit dans la grille pour le raccourcir.
Qui peut me dire :
- de qui ou de quoi parle le paragraphe ?
- quelle est l'information la plus importante qu'on en donne ?
En quelques mots, qui peut raccourcir le paragraphe. » Les élèves doivent raccourcir le paragraphe en 10 mots au plus. Si une réponse est trop longue, laissez l'élève finir et demandez : « Est-ce que tu peux me redire cela mais avec moins de mots ? »



Récit 16 - Bukki, Nag ak Ñey

Genn guddi, Bukki dafa doon **wëraalu** ci ginnaaw kër gi di wut béy wu mu lekk. Waaye mu fakkastalu, daanu, dugg ci menn pax mu **xóot**. Mu yuuxu ba sonn, gisul kenn ku ko wallu. Bi fajar jotee, la wenn nag romb. Bukki ne ko : « Éy Nijaay Nag, kaay dimbali ma, génne ma ci pax mii ma nekk. »

Nag tontu ko : « Bëgg naa la dimbali waaye ñépp nee nañu, ku saay-saay nga. »
Bukki waatal nag, ne du ko def dara.

Ci noonu, Nag wóolu ko, sukk, won ko ginnaaw. Nag yoor geenam gi ci biir pax mi. Bukki gaawtu, **jàppandu** ci geen gi. Nag xëcc ko, mu génn. Naka la Bukki génn rekk, dal ci kaw Nag. Bukki tàmbalee xàmp tànk bi. Nag di daw, Bukki di ko dàq ngir lekk ko.

Ba ñu yegsee ci benn dëkk, ñu fekk wenn ñey mu toog. Ñey ne leen : « Lu xew ? Lu ngeen di dàqante ? Waxleen ma lu ngeen jote ? »

Nag nettali Ñey lu ko boole ak Bukki. Bukki moom it weddi ko, bëgg a sos leneen. Ca la werante bi tàmbali.

Ñey ne leen, na ku nekk dellu fa nga nekkoon, ma mën leen a àtte. Bukki, dof bi, daldi duggaat ci pax mi. Ñey ne Nag : « Dawal dox sa yoon, Bukki ku soxor la. »

Booba ba leegi, fu nag séenee bukki, daw ndax caay-caayam.

Baat yu yees yi :

- 1 **Wëraalu** : Mooy taxawaalu, tambaabalu.
- 2 **Xóot** : Mu ngi tekki ci jukki bi, pax mu sori ci suuf.
- 3 **Jàppandu** : Mooy téye bu baax ci fenn walla lenn.

Laaj yi :

- 1 Kan moo nekk ci pàcc bi jëkk ci jukki bi ? Lu xew ?
- 2 Tënk'al xibaar bi ëpp solo ci ñaareelu pàccu jukki bi.
- 3 Lan moo nekk ci ñetteelu pàccu jukki bi ?
- 4 Tënk'al, ci baat yu gàtt, li ëpp solo ci ñetteelu pàccu jukki bi.

Routine d'exploitation du Récit 16

Compréhension à l'audition : Raccourcir un paragraphe.

Objectif : Apprendre à résumer et à trouver l'idée principale

Durée : 30 minutes

Préparation : E trace au tableau la grille ci-dessous.

Kan moo nekk ci pàccu jukki bi ? Lu xew ?	
Xibaar bi ëpp solo ci pàccu jukki bi.	
Tënku xibaar bi ëpp solo ci pàccu jukki bi.	

Activité 1 : Procédure de classe.

E dit : « Aujourd'hui, on va voir une stratégie qui va nous permettre de bien comprendre un texte. C'est la stratégie consistant à raccourcir un paragraphe. Quand on pense au mot raccourcir, on pense à quelque chose qu'on rend plus court. C'est exactement ce qu'on va faire avec des paragraphes que je vais vous lire. L'information la plus importante dans un paragraphe, elle s'appelle l'idée principale. Donc, on va raccourcir des paragraphes, pour en trouver l'idée principale. »

Activité 2 : Observation de l'image

Appliquer la même démarche indiquée dans la routine d'exploitation du **Récit 1**.

Je fais :


E lit le premier paragraphe de l'histoire et donne à l'oral, étape par étape, les éléments de réponse permettant de renseigner la grille .

Nous faisons

E dit : « Maintenant, essayons ensemble. Je vais lire le deuxième paragraphe du récit et nous allons utiliser le tableau pour le raccourcir. »
Les élèves doivent raccourcir le paragraphe en 10 mots au plus. Si une réponse est trop longue, E laisse l'élève finir et dit : « Est-ce que tu peux me redire cela mais avec moins de mots ? »

Tu fais

E dit : « Maintenant, à votre tour. Je vais vous lire le dernier paragraphe de l'histoire et vous allez utiliser ce qui est écrit dans la grille pour le raccourcir.
Qui peut me dire :
- de qui ou de quoi parle le paragraphe ?
- quelle est l'information la plus importante qu'on en donne ?
En quelques mots, qui peut raccourcir le paragraphe. » Les élèves doivent raccourcir le paragraphe en 10 mots au plus. Si une réponse est trop longue, laissez l'élève finir et demandez : « Est-ce que tu peux me redire cela mais avec moins de mots ? »



Récit 17 - Fajkat bu ràññeeku

Dispañseer baa ngi fees dell ak ay nit. Ñii ñu ngi toog ci ay baŋ, ñee ñoom tëdd ci suuf. Am na ci, ñu seen feebar jàpp ba ñuy wonku ak a **jabbatu**.

Nees tuut, benn bunt ni ubbeet, Awa duggsi ak benn palaatoo bu def as mbuteelu alkol, ab pikiir ag mbuusu wëtteen. Ginnaaw ba mu nuyoo ñépp, mu dugg ci néeg bi ñuy dalale ñenn ci way-feebar yi. Nees tuut, mu dellusi wutali as **njegemaar** suy sëqët ak a waccu.

Ginnaaw ba mu ko xoolee, mu ne : « Nañu ko yóbbu ca néeg ba ñuy seete way-feebar yi. »

Nees tuut, mu génnaat jiitle ak ndeyu njanq sa, ne ko : « Yaay bóoy, dalalal sa xel, Bintu, li ko dal du dara. Ak garab yii ma ko bindal, dina wér leegi ! » Naka muy daaneel, ci la séen genn góor gu mage gu toog. Ma nga jàpp lex ba di wonku. Awa ñew jàpp ci loxoom, dugg ak moom ca néeg ba ñuy saytoo way-feebar yi.

Suleymaan xool Awa, ba ci yàgg mu ne : « Ngune su jigeen sii moo yaru, baax te **njaxlaf** ! Kenn réccuwul li mu ñewe ci sunu dispañseer bi. Benn way-feebar jàmbatatul ñàkk toppatoo ! » Majigeen mi toogoon ci wetam, tontu ko ne ko : « Waxuma la dara sax, waaye cet gi mu set ak ni mu mënee faj, tax na ma naw ko. Dëkk bi yépp, genn kàddu lañu wax ci moom ! »

Maam Diboor ma doon déglu seen waxtaan ne leen : « Wax ngeen dëgg ! Man de sama **sët** bii laa fi indi, ndax wóolu am pajam. Nanu ko ñaanal rekk ! »

Baat yu yees yi :

- 1 **Jabbatu** : wax lu lay metti.
- 2 **Njegemaar** : xale bu jigeen buy waaj a tollu ci sëy.
- 3 **Njaxlaf** : sawar.
- 4 **Sët** : sa doomu doom.

Laaj yi :

- 1 Kan lañuy nataal jikkoom ci jukki bi ?
- 2 Lu wone farloom ci way-feebar yi ?
- 3 Yan seede lañu def ci moom ?
- 4 Loo jànge ci jukki bi ci lu liggeeykat war a def ci bérebu liggeeyukaayam ?

Routine d'exploitation du Récit 17

Compréhension à l'audition : Exploitation globale d'un texte oral

Objectif : Répondre correctement aux questions posées après l'audition d'un texte.

Durée : 30 minutes

1. Contrat d'écoute

- Dites aux élèves qu'ils vont s'entraîner encore à comprendre un texte oral.
- Dites-leur à haute voix le titre de l'histoire et vérifiez s'ils ont tous bien compris.
- Montrez-leur l'illustration et posez-leur des questions afin de leur permettre notamment de faire des prédictions/hypothèses sur le contenu de l'histoire que vous allez leur lire.
- Mobilisez leur attention pour l'écoute du texte en leur disant que vous allez leur poser des questions à la fin de votre lecture et ils devront y répondre correctement.


2. Phase de lecture-écoute

Lisez-leur l'histoire à haute voix avec le rythme, la gestuelle et l'expressivité requis.

NB : Lire n'est pas raconter. Lisez ce qui est dans le texte et ne commentez pas !

3. Phase de post-écoute

Posez les questions indiquées en bas du récit et qui portent sur la compréhension générale de l'histoire.



Récit 18 - Juroom-ñaareelu jant bi

Ci jamano ju yàgg lool, amoon na juroom-ñaari jant ci asamaan si. **Ceeñeri** jant yooyu doon na tax, suuf si tàng ba **mbindeef** yi mënatuñu woon muñ tàngoor wi. Benn bés, juroom-ñaari mag ak rakk yu bokkoon ci askanu Togolaa bëgg a sànk jant yooyu. Mujj nañu sax, sànk juroom benn jant yi. Juroom-ñaareelu jant bi, nëbbatu ci ginnaaw aw tund. Ginnaaw amatul jant buy leeral suuf si, àddina bi lëndëm kəriis. Kéwel yi, mënatuñu gis segg yi, ñey yi di mbëkk garab yi su ñuy dox, lëg yi, di daje ak gaynde yi. Jaxasoo bu metti am ci kaw suuf.

Ngir bëgg lëndëm gi deñ, mala yi daje, di wër ay pexe. Ci la lëg ne : « Juroom-ñaareelu jant bi, sàнкуwul, mu ngi nëbbatu ci ginnaaw aw **tund**. » Gaynde jóg, ne : « Man mii, maa koy woo. » Mu woo ko, waaye jant bi dégg ko. Ci saa si, Ñey jóg, woo jant bi, moom tamit, dégg ko. Ci diir bu gàtt, ag kóppin jóg, fecc ba noppi, ne : « Jant bi, baal nu rekk, te nga ñëwaat ! » Jant bi bañ. Mala yi toppante di woo jant bi. Bu kii jógee woo ko, keneen jóg woo ko.

Mujj gi, Ginaar jóg, woo jant bi, ne : « Kokkoriikoo ! » Ci saa si, jant bi ci ginnaaw tund wi feeñ tuuti rekk. Ginaar gi wootewaata, woyaata, ne : « Kokkoriikoo ! » Jant bi gën a feeñ. Bi mu woyaatee nag la jant bi leeral àddina bi. Ca bés booba ba leegi, saa su ginaar **sabee**, jant bi génn, leeral àddina bi.

Adapté de : *Le Septième Soleil: Une Fable Tribale D'Odisha, en Inde* - Author - Indian Folktale
Translation - Olivia Mahe and Translators without Borders - Illustration - Pratham Books
Language - French - Level - Longer paragraphs - © Pratham Books 2014 - Creative Commons: Attribution 4.0
Source www.africanstorybook.org - Original source www.prathambooks.org

Baat yu yees yi :

- 1 **Ceeñeer** : leer giy jóge ci jant bi.
- 2 **Mbindeef** : lépp li ñu bind : nit ñi, mala yi, añs.
- 3 **Tund** : suuf su kaw lool, kaw gi xaw a sew.
- 4 **Sab** : yuuxu ganaar walla picc.

Laaj yi :

- 1 Ci ñan lañuy wax ci pàcc bu jëkk bi ? Lan lañu ciy wax ?
- 2 Ban xibaar moo ëpp solo ci pàcc bu jëkk bi ?
- 3 Kan moo may wax, ci kan, la ñaareelu pàcc bi, di wax ? Ci lan lay wax ?
- 4 Kan moo may ténkal ñaareelu pàcc bi, ci fukki baat ak juroom ?
- 5 Kan moo may ténkal jukki bi yëpp, ci ñaar-fukki baat ak juroom ?

Routine d'exploitation du Récit 18

Compréhension à l'audition : Résumer un texte

Objectif : Apprendre à résumer un texte.

Durée : 30 minutes

Préparation : E trace la grille ci-dessous au tableau.
E élabore ou collecte deux petits récits dans la langue première ciblée, pour les exploiter dans les étapes « je fais » et « nous faisons ».

Kan moo nekk ci jukki bi ? Lu xew ?	
Xibaar bi ëpp solo ci ki nekk ci jukki bi ? ci li xew ?	
Tënku xibaar bi ëpp solo ci baat yu gàtt.	

Activité 1 : Procédure de classe.

E dit : « Aujourd'hui, on va apprendre à raccourcir toute une histoire. Rappelez-vous, quand on pense au mot raccourcir, on pense à quelque chose de plus petit. C'est exactement ce qu'on va faire avec les textes que je vais vous lire. L'information la plus importante dans un texte s'appelle l'idée principale. Donc, on va raccourcir un texte, pour en trouver l'idée principale. »

Activité 3 : Modelage, pratique guidée et pratique autonome

Je fais

NB :

Dans cette phase où on ne connaît pas encore le contenu du petit récit, les réponses en langue nationale ne sont données qu'à titre illustratif.

Ces réponses en langue nationale doivent être utilisées par le maître ou la maîtresse dans la phase « Tu fais », au moment de la correction, pour donner aux élèves les réponses qui étaient attendues.

E lit le premier petit récit et dit : « Maintenant, je vais utiliser la grille pour trouver l'information principale de ce que le texte me donne. D'abord, je me demande : de qui ou de quoi parle le texte. Ensuite, je me demande quelle est l'information la plus importante. L'information la plus importante c'est que *Ceeñeeri juroom-ñaari jant yi ñoo tax mbindeef yi mënatuñu woon muñ tangoor wi*. En quelques mots, je raccourcis le texte : le texte parle de *Mbindeef yi dañu jaaxle ndax lëndëm gi. Jant yi mala yi sànk lëndëmal na suuf si ba rab yi jaxasoo ci lëndëm gi*. »

Nous faisons

E lit le deuxième petit récit et dit : « Qui peut me dire de qui ou de quoi parle le texte. Ensuite, qui peut me dire l'information la plus importante du texte ? En quelques mots, qui peut raccourcir le texte. » Demander à 3-7 élèves de répondre.

Les élèves doivent raccourcir le texte en 15 mots au plus. Si une réponse est trop longue, E laisse l'élève finir et demande : « Est-ce que tu peux me redire cela mais avec moins de mots ? »

Tu fais

Observation de l'image :

Appliquer la même démarche indiquée dans la routine d'exploitation du **Récit 1**.

E lit le récit 18 et demande aux élèves de le résumer en 25 mots au plus.



Récit 19 - Xaju Abdu

Móodoo ngi toog ci biir këram ak njabootam. Ñu ngi wër boolu añ bi, di lekk. Ci kanam tuuti, ab xaj dugg ci biir kër gi. Xaj bu ñuul, **ràgg** ba yaxam yi di feeñ. Noppam yaa ngi fees dell ak ay góom, ba noppi, di lang. Móodu ne : « Mayleen xaj bi mu lekk. » Xaj bi egisi, sukk, mel ni ku xam li Móodu di wax.

Aminata dugg ci waañ wi, génn ak kàrtonj bu fees dell ak ceeb, jox ko xaj bi. Xaj bi jóg ci saa si, lekk lépp. Bi mu noppee, toogaat ci suuf, di xool waa kër gi ñuy lekk .Yaay Ñilaan, yaayu xale yi, **jaaxle** ne : « Moowaay ! Xaj bi suuragul ba leegi, ak li mu lekk, ni mu baree. Ca biti, ayca ! » Aysatu ne ko : « Déet yaay ! dafa xiif ba leegi. Bu nu lekkee ba noppi, dinaa ko jox li des. » Móodu yokk ci ne : « Bu ko fàttee may ndox mu naan. »

Bi ñu lekkee ba noppi, Aysatu jóg, sotti li des ci kàrtonj bi. Xaj bi yegisi, yëngal geen gi, baw. Mbisaan, rakku Aysatu, xàmme xaj bi. Ci la wax waa kër gi : « Ndeysaan ! Kii, Bobi la, mooy xaju sunu xarit Abdu. Dafa réeroon, yàgg na lool. **Léget** bi ci yaramam laa ko xàmme. » Ñu teg ci ay simili yu néew rekk, Mbisaan daw, dem kër Abdu, yëgali ko **xibaar** bi.

Baat yu yees yi :

- 1 **Ràgg** : dafa jeex.
- 2 **Jaaxle** : waaru ci ni xaj bi xiife.
- 3 **Léget** : góom bu wér, jur màndarga.
- 4 **Xibaar** : lu ñu war a nettali.

Laaj yi :

- 1 Ci ñan lañuy wax ci pàcc bu jëkk bi ? Lan lañu ciy wax ?
- 2 Ban xibaar moo ëpp solo ci pàcc bu jëkk bi ?
- 3 Kan moo may wax, ci kan, la ñaareelu pàcc bi, di wax ? Ci lan lay wax ?
- 4 Kan moo may ténkal ñaareelu pàcc bi, ci fukki baat ak juroom ?
- 5 Kan moo may ténkal jukki bi yépp, ci ñaar-fukki baat ak juroom ?

Routine d'exploitation du Récit 19

Compréhension à l'audition : Résumer un texte

Objectif : Apprendre à résumer un texte.

Durée : 30 minutes

Préparation : E trace la grille ci-dessous au tableau.

E élabore ou collecte deux petits récits dans la langue première ciblée, pour les exploiter dans les étapes « je fais » et « nous faisons ».

Kan moo nekk ci jukki bi ? Lu xew ?	
Xibaar bi ëpp solo ci ki nekk ci jukki bi ? ci li xew ?	
Tënku xibaar bi ëpp solo ci baat yu gàtt.	

Activité 1 : Procédure de classe.

E dit : « Aujourd'hui, on va apprendre à raccourcir toute une histoire. Rappelez-vous, quand on pense au mot raccourcir, on pense à quelque chose de plus petit.

C'est exactement ce qu'on va faire avec les textes que je vais vous lire.

L'information la plus importante dans un texte s'appelle l'idée principale. Donc, on va raccourcir un texte, pour en trouver l'idée principale. »

Activité 3 : Modelage, pratique guidée et pratique autonome

Je fais

NB :

Dans cette phase où on ne connaît pas encore le contenu du petit récit, les réponses en langue nationale ne sont données qu'à titre illustratif.

Ces réponses en langue nationale doivent être utilisées par le maître ou la maîtresse dans la phase « Tu fais », au moment de la correction, pour donner aux élèves les réponses qui étaient attendues.

E lit le premier petit récit et dit : « Maintenant, je vais utiliser la grille pour trouver l'information principale de ce que le texte me donne. D'abord, je me demande : de qui ou de quoi parle le texte. Ensuite, je me demande quelle est l'information la plus importante. L'information la plus importante c'est que *Ab xaj a dugg kër Móodu fekk njabootam di lekk. Nu may ko mu lekk.* En quelques mots, je raccourcis le texte : le texte parle de *Aminata may na xaj bi mu lekk. Waaye xaj bi suurul. Nilaan bëgg ko dàq, doomam Aysatu bañ, fas yéene may ko mu lekkaat ceeb.* »

Nous faisons

E lit le deuxième petit récit et dit : « Qui peut me dire de qui ou de quoi parle le texte. Ensuite, qui peut me dire l'information la plus importante du texte ? En quelques mots, qui peut raccourcir le texte. » Demander à 3-7 élèves de répondre.


Les élèves doivent raccourcir le texte en 15 mots au plus. Si une réponse est trop longue, E laisse l'élève finir et demande : « Est-ce que tu peux me redire cela mais avec moins de mots ? »

Tu fais

Observation de l'image :

Appliquer la même démarche indiquée dans la routine d'exploitation du **Récit 1**.

E lit le récit 19 et demande aux élèves de le résumer en 25 mots au plus.



Récit 20 - Yaay Golo ak jabaru rëbbkat bi

Ca biir àllu Tàmbaa, amoon na jenn yaayu golo ju sonnoon. Mu dëkk ci mer, kanam gi **lewet**. Saa yu mësaan a am doom, doom ja loru. **Mettit** woowa moo taxoon Yaay Golo, doon yéeg a ka wàcc ci garab yi. Dafa daan yéeg ci caru garab yi, di yuuxu ne : « Kiwi, kiwi, kiwi ! » Yaay Golo, foo ko mësaan a fekk, dafay mer, kanam ga lewet. Da daan gën a mer, saa yu gisaan doomi yeneen golo yi.

Yaay Golo ànd ak meram di **layy-layyi** ci caru garab yi. Lu bés yi di dem, Yaay Golo di gën a jooy. Mujj gi, mu am doom, ne dafa koy jël teg ko ci yoon wi. Dafa bëgg ñiy romb di dox, mën ko ñaanal mu mucc. Ci la jóge ci cari garab yi, wàcc ci suuf, teg doomam ci yoon wi. Ab rëbbkat bu doon ñibbi, gis doomu golo gi ci yoon wi, jël ko yóbbu ko këram.

Bi rëbbkat bi eggee këram, doomam yi, di fo ak golo gi, di ko sànnante. Yaay Golo moom, mu ngi nëbbatu ci genn garab, di séen xale yi. Jabaru rëbbkat bi eggi, gis doomam yi di fo ak golo gi, mu gëdd leen, jël golo gi ñaanal ko. Ba mu ñaane ba noppi, mu teg golo gi ci yoon wi. Ci saa si Yaay Golo eggi ci yoon wi, jël doomam, taf ko ci dënnam. Ba noppi ne **mes** ci biir garab yu kawé yi.

Adapté de : *Maman Singe Et La Femme Du Chasseur* - Author - Wesley Kipkorir Rop
Translation - Nathalie Hecker and Translators without Borders - Illustration - Jesse Breytenbach
Language - French - Level - First paragraphs - © African Storybook Initiative 2014
Creative Commons: Attribution 4.0 - Source www.africanstorybook.org

Baat yu yees yi :

- 1 **Lewet** : ku yërëmtalu, ku xolam neexul.
- 2 **Mettit** : li koy metti.
- 3 **Layy-layyi** : di jaabante ci cari garab yi, di tëb.
- 4 **Mes** : dem bu gaaw ni melax.

Laaj yi :

- 1 Ci kan lañuy wax ci pàcc bu jëkk bi / Lan lañu ciy wax ?
- 2 Ban xibaar moo ëpp solo ci pàcc bu jëkk bi ?
- 3 Kan moo may wax, ci kan, la ñaareelu pàcc bi, di wax ? Ci lan lay wax ?
- 4 Kan moo may ténkal ñaareelu pàcc bi, ci fukki baat ak juroom ?
- 5 Kan moo may ténkal jukki bi yépp, ci ñaar-fukki baat ak juroom ?

Routine d'exploitation du Récit 20

Compréhension à l'audition : Résumer un texte

Objectif : Apprendre à résumer un texte.

Durée : 30 minutes

Préparation : E trace la grille ci-dessous au tableau.
E élabore ou collecte deux petits récits dans la langue première ciblée, pour les exploiter dans les étapes « je fais » et « nous faisons ».

Kan moo nekk ci jukki bi ? Lu xew ?	
Xibaar bi ëpp solo ci ki nekk ci jukki bi ? ci li xew ?	
Tënku xibaar bi ëpp solo ci baat yu gàtt.	

Activité 1 : Procédure de classe.

E dit : « Aujourd'hui, on va apprendre à raccourcir toute une histoire. Rappelez-vous, quand on pense au mot raccourcir, on pense à quelque chose de plus petit. C'est exactement ce qu'on va faire avec les textes que je vais vous lire. L'information la plus importante dans un texte s'appelle l'idée principale. Donc, on va raccourcir un texte, pour en trouver l'idée principale. »

Activité 3 : Modelage, pratique guidée et pratique autonome

Je fais

NB :

Dans cette phase où on ne connaît pas encore le contenu du petit récit, les réponses en langue nationale ne sont données qu'à titre illustratif.

Ces réponses en langue nationale doivent être utilisées par le maître ou la maîtresse dans la phase « Tu fais », au moment de la correction, pour donner aux élèves les réponses qui étaient attendues.

E lit le premier petit récit et dit : « Maintenant, je vais utiliser la grille pour trouver l'information principale de ce que le texte me donne. D'abord, je me demande : de qui ou de quoi parle le texte. Ensuite, je me demande quelle est l'information la plus importante. L'information la plus importante c'est que **Ca biir àllu Tàmbaa, dafa amoon golo gu sonnoon. Doom ju mu am mu dee.** En quelques mots, je raccourcis le texte : le texte parle de **Ca biir àllu Tàmbaa, amoon golo bu sonnoon. Doom ju mu am mu loru. Loolu metti ko. Bu gisee yeneen golo yi ak seen doom dafay mer.** »

Nous faisons

E lit le deuxième petit récit et dit : « Qui peut me dire de qui ou de quoi parle le texte. Ensuite, qui peut me dire l'information la plus importante du texte ? En quelques mots, qui peut raccourcir le texte. » Demander à 3-7 élèves de répondre.


Les élèves doivent raccourcir le texte en 15 mots au plus. Si une réponse est trop longue, E laisse l'élève finir et demande : « Est-ce que tu peux me redire cela mais avec moins de mots ? »

Tu fais

Observation de l'image :

Appliquer la même démarche indiquée dans la routine d'exploitation du **Récit 1**.

E lit le récit 20 et demande aux élèves de le résumer en 25 mots au plus.



Récit 21 - Njariñu duwaañ

Am na waxtu, bi kaar bi bàyyikoo Kawlax ak ay xél, jëm Ndakaaru. Kilyaan yi ñu ngi waxtaan, di **xàqataay**. Faana mu ngi toog di nelaw ci wetu jenn jigeen. Biir oto bi mu ngi tàng lool ; am na sax ab liir buy jooy ndax tàngoow wi. Kaar bi mu ngi daw, romb dëkk yii : Gànjaay, Fatig ak Caajaay. Bi kaar bi eggee Sànjara, ab takk-der génn ci **gajj** bi, mbiib, taxawal oto bi.

Duwaañ bi dox, jëm ci kaar bi, nuyu sófëer bi, ne ko : « Ma xool kayit yi. Wàccal ma xool bagaas yi. » Duwaañ bi xool waliis yi, pañe yi ak saag yi. Waaye bi mu ubbee saag bi ci suufu bañ bi, dafa tiit. Ci la wax : « Xoolal ma lii rekk ! Kan moo moom tamaate jii, suukar sii ak piis yii. Lii lépp foroot la. Yoon dafa koy tere. » Jenn jigeen tàmbalee **pat-pati**.

Jigeen ji ne ko : « Xamuma woon ni lii foroot la. » Duwaañ bi ne ko : « Bés bu nekk, lii ngeen di wax. Fayal ma daggal la kayit nga dem walla ma téye màrsandiis mi. » Genn góor, Emil, ne duwaañ bi : « Dama lay ñaan nga dimbali sa jigeen jii, xamul woon ni màrsandiis mi, Gàmbi lañu jóge. » Duwaañ bi tontu, ne : « Ndokk, bi ko ñenn ñi xamee. Ndaxte bu ñépp doon def ni moom, màrsandiisu réew mi, du jarati, rax ci dolli, isin yi dinañu tëj. » Duwaañ bi mer, di **xultu**, jël màrsandiisu ndaw si. Ci la ndaw si nee : « Bés niki tey, lii duma dalati ! »

Baat yu yees yi :

- 1 **Xàqataay** : reetaan ca kaw a kaw.
- 2 **Gajj** : garab yu yem dajaloo.
- 3 **Pat-pati** : tiit bay lox.
- 4 **Xultu** : di waxtu ndax mer.

Laaj yi :

- 1 Ci ñan lañuy wax ci pàcc bu jëkk bi / Lan lañu ciy wax ?
- 2 Ban xibaar moo ëpp solo ci pàcc bu jëkk bi ?
- 3 Kan moo may wax, ci kan, la ñaareelu pàcc bi, di wax ? Ci lan lay wax ?
- 4 Kan moo may ténkal ñaareelu pàcc bi, ci fukki baat ak juroom ?
- 5 Kan moo may ténkal jukki bi yëpp, ci ñaar-fukki baat ak juroom ?

Routine d'exploitation du Récit 21

Compréhension à l'audition : Résumer un texte

Objectif : Apprendre à résumer un texte.

Durée : 30 minutes

Préparation : E trace la grille ci-dessous au tableau.
E élabore ou collecte deux petits récits dans la langue première ciblée, pour les exploiter dans les étapes « je fais » et « nous faisons ».

Kan moo nekk ci jukki bi ? Lu xew ?	
Xibaar bi ëpp solo ci ki nekk ci jukki bi ? ci li xew ?	
Tënku xibaar bi ëpp solo ci baat yu gàtt.	

Activité 1 : Procédure de classe.

E dit : « Aujourd'hui, on va apprendre à raccourcir toute une histoire. Rappelez-vous, quand on pense au mot raccourcir, on pense à quelque chose de plus petit. C'est exactement ce qu'on va faire avec les textes que je vais vous lire. L'information la plus importante dans un texte s'appelle l'idée principale. Donc, on va raccourcir un texte, pour en trouver l'idée principale. »

Activité 3 : Modelage, pratique guidée et pratique autonome

Je fais

NB :

Dans cette phase où on ne connaît pas encore le contenu du petit récit, les réponses en langue nationale ne sont données qu'à titre illustratif.

Ces réponses en langue nationale doivent être utilisées par le maître ou la maîtresse dans la phase « Tu fais », au moment de la correction, pour donner aux élèves les réponses qui étaient attendues.

E lit le premier petit récit et dit : « Maintenant, je vais utiliser la grille pour trouver l'information principale de ce que le texte me donne. D'abord, je me demande : de qui ou de quoi parle le texte. Ensuite, je me demande quelle est l'information la plus importante. L'information la plus importante c'est que *Kaar bi mu ngi bàyyeekoo Kawlax, jëm Nda-kaaruu. Bi mu eggee Sànjara, ab takk-der téye ko*. En quelques mots, je raccourcis le texte : le texte parle de *Kaar bi mu ngi bàyyeekoo Kawlax, jëm Ndakaaru, yab foroot. Bi mu dawee ba Sànjara, benn duwaañ téye oto bi, jàpp màrsandiisu jenn jigeen.* »

Nous faisons

E lit le deuxième petit récit et dit : « Qui peut me dire de qui ou de quoi parle le texte. Ensuite, qui peut me dire l'information la plus importante du texte ? En quelques mots, qui peut raccourcir le texte. » Demander à 3-7 élèves de répondre.

Les élèves doivent raccourcir le texte en 15 mots au plus. Si une réponse est trop longue, E laisse l'élève finir et demande : « Est-ce que tu peux me redire cela mais avec moins de mots ? »

Tu fais

Observation de l'image :

Appliquer la même démarche indiquée dans la routine d'exploitation du **Récit 1**.

E lit le récit 21 et demande aux élèves de le résumer en 25 mots au plus.



Récit 22 - Ganaar ak Jalaal

Ganaar ak Jalaal ay xarit lañu woon. Waaye dañu daan faral di **jojante**. Benn bés, ñu fas yéene jøjante ci futbol ngir xam ku gën a aay. Ñu dem ca bayaalu futbol ba, tàmbalee jøjante. Ganaar gaaw na waaye Jalaal a ko gën a gaaw. Ganaar dóor bal bi fu sori. Waaye, Jalaal dóor bal bi fu gën a sori. Ganaar tàmbalee mer.

Ganaar ak Jalaal di dóor ay penaatii. Jalaal moo jëkk a góolu. Ganaar, benn bit rekk la dugal. Bi Ganaar góloo, Jalaal dóor dugal. Mu dóoraat, dugal. Jalaal mujj dugal juroomi bit. Ganaar mer ba futt ndax li ñu ko gañe. Mu ngi tàmbali di xuloo ak Jalaal ndax li mu ko gën a aay. Ganaar mer ba mujj gi mu wann Jalaal. Bi Ganaar di ñibbi, la daje ak yaayu Jalaal.

Yaayu Jalaal ne : « Ndax gisoo sama doom ? » Ganaar tontuwu ko. Yaayu Jalaal, ci saa si, dégg ci gémmeñu ganaar gi, luy wax : « Dimbali ma yaay ! » Yaayu jalaal ji, wax doomam : « **Jëfandikool** sa **mënin** wi. Xamal ni jalaal mën na génne xet gu xasaw ba kenn du ko bëgg a lekk. » Bi doom ji defee loolu rekk, ci la Ganaar tisooli, tifli, sëqët, **goqi** Jalaal. Jalaal ak yaayam raam ba ci genn garab, làqatu fa. Ca bés booba ba léegi, ganaar ak jalaal, ay noon lañu.

Adapté de : La Poule Et Le Millepatte - Author - Winny Asara
Translation - Isabelle Duston et Véronique Biddau - Illustration - Winny Asara
Language - French - Level - Longer paragraphs - © African Storybook Initiative 2014
Creative Commons: Attribution 4.0 - Source www.africanstorybook.org

Baat yu yees yi :

- 1 **Jojante** : jëkkante ngir xool ku gën a aay.
- 2 **Jëfandiku** : def dara jaarale ko ci am mbir, di ci jariñu.
- 3 **Mënin** : li nga mën ba ñépp ràññee la ci.
- 4 **Goqi** : jële dara ci sa biir bi, génne ko ci sa gémmeñ, gëq ko.

Laaj yi :

- 1 Ci ñan lañuy wax ci pàcc bu jëkk bi ? Lan lañu ciy wax ?
- 2 Ban xibaar moo ëpp solo ci pàcc bu jëkk bi ?
- 3 Kan moo may wax, ci kan, la ñaareelu pàcc bi, di wax ? Ci lan lay wax ?
- 4 Kan moo may ténkal ñaareelu pàcc bi, ci fukki baat ak juroom ?
- 5 Kan moo may ténkal jukki bépp, ci ñaar-fukki baat ak juroom ?

Routine d'exploitation du Récit 22

Compréhension à l'audition : Résumer un texte

Objectif : Apprendre à résumer un texte.

Durée : 30 minutes

Préparation : E trace la grille ci-dessous au tableau.
E élabore ou collecte deux petits récits dans la langue première ciblée, pour les exploiter dans les étapes « je fais » et « nous faisons ».

Kan moo nekk ci jukki bi ? Lu xew ?	
Xibaar bi ëpp solo ci ki nekk ci jukki bi ? ci li xew ?	
Tënku xibaar bi ëpp solo ci baat yu gàtt.	

Activité 1 : Procédure de classe.

E dit : « Aujourd'hui, on va apprendre à raccourcir toute une histoire. Rappelez-vous, quand on pense au mot raccourcir, on pense à quelque chose de plus petit. C'est exactement ce qu'on va faire avec les textes que je vais vous lire. L'information la plus importante dans un texte s'appelle l'idée principale. Donc, on va raccourcir un texte, pour en trouver l'idée principale. »

Activité 3 : Modelage, pratique guidée et pratique autonome

Je fais

NB :

Dans cette phase où on ne connaît pas encore le contenu du petit récit, les réponses en langue nationale ne sont données qu'à titre illustratif.

Ces réponses en langue nationale doivent être utilisées par le maître ou la maîtresse dans la phase « Tu fais », au moment de la correction, pour donner aux élèves les réponses qui étaient attendues.

E lit le premier petit récit et dit : « Maintenant, je vais utiliser la grille pour trouver l'information principale de ce que le texte me donne. D'abord, je me demande : de qui ou de quoi parle le texte. Ensuite, je me demande quelle est l'information la plus importante. L'information la plus importante c'est que *Ganaar ak jalaal ñooy joŋante ci wàllu futbol. Jalaal moo raw. Ganaar mer.* En quelques mots, je raccourcis le texte : le texte parle de *Ganaar ak jalaal ñooy joŋante ci futbol. Saa yu jalaal gañee, Ganaar mer. Ganaar wann Jalaal. Jalaal, génne xet gu xasaw. Ganaar goqi ko.* »

Nous faisons

E lit le deuxième petit récit et dit : « Qui peut me dire de qui ou de quoi parle le texte. Ensuite, qui peut me dire l'information la plus importante du texte ? En quelques mots, qui peut raccourcir le texte. » Demander à 3-7 élèves de répondre.

Les élèves doivent raccourcir le texte en 15 mots au plus. Si une réponse est trop longue, E laisse l'élève finir et demande : « Est-ce que tu peux me redire cela mais avec moins de mots ? »

Tu fais

Observation de l'image :

Appliquer la même démarche indiquée dans la routine d'exploitation du **Récit 1**.

E lit le récit 22 et demande aux élèves de le résumer en 25 mots au plus.



Récit 23 - Liggeeyu tool yi

Ca suba teel la waa dëkk bi wuti tool ya. Ñenn ñaa ngi dox, am ñu war mbaam walla dugg sareet. Ngir gaaw a egg, ku nee ngay wut **ñall** wu gën a gàtt. Fi mu nekk moom, suuf si tooy na xepp. Baay Daawuda ak mbooloom egsi nañu ci guy gi ci seen diggu tool. Fekk na waajaloon nañu tool bi laata muy taw ngir su ñu yegsee rekk mën a ji. Jant baa nga ca kaw, kon liggeey bi mën naa door. Taala, di taawu kër gi ne : « Aycaleen ci liggeey bi, mu ngi naaj ! Summileen yére yu yaatu yi te sol yu gën a yem ! » Ca noonu, liggeey ba tàmbali, ku ne nekk ci sa waar.

Mareem a nga ca ginnaaw kàdd ga di puus **masinu nji** ba, na ko Baay Daawuda di defe. Leeg-leeg, ñu **rombante** ci diggu tool bi. Masin yaa ngi xotti suuf si, gerte giy wadd ci biir. Ci la Taala ni Moor ak Faatima : « Bàyyileen **yàccaaral** gi te wommat fas yi bu baax. »

Seen Baay ne xam naa dañoo tàmbalee sonn, mu ne leen : « Demleen naani. Ndox maa nga nee. »

Bi ñaari waxtu jotee, ci la ñépp dem noppaluji. Ci la Soxna Ayda egsee ak añ bi. Baay Daawuda ni : « Raxasuleen te ñëw nu añ ! » Ba ñu paree ba toog ab diir, liggeey ba dooraat. Nit ñi gën a sawar. Xale yiy wommat gën a gaaw. Noonu la liggeey bay wéye ba jant bi so. Ñu gis ni ci benn bés, tool bi yépp ji nañu ko.

Baat yu yees yi :

- 1 **Ñall** : yoonu tànk wu sew.
- 2 **Masinu nji** : masin buy xotti suuf si, di ci def gerte mbaa leneen.
- 3 **Rombante** : ñaari nit ñu bokkul fu ñu jóge, di dox ba daje.
- 4 **Yàccaaral** : ku ñàkk a yëngu, ku tàyyel, ku yambare.

Laaj yi :

- 1 Loo gis ci nataal bi ?
- 2 Lan moo xew ci jukki bi ?
- 3 Ban xibaar mooy bi ëpp solo fii ?
- 4 Tënkil ma xibaar yi ëpp solo ci baat yu néew.

Routine d'exploitation du Récit 23

Compréhension à l'audition : Résumer un texte

Objectif : Apprendre à résumer un texte.

Durée : 30 minutes

Préparation : E trace la grille ci-dessous au tableau.
E élabore ou collecte deux petits récits dans la langue première ciblée, pour les exploiter dans les étapes « je fais » et « nous faisons ».

Kan moo nekk ci jukki bi ? Lu xew ?	
Xibaar bi ëpp solo ci ki nekk ci jukki bi ? ci li xew ?	
Tënku xibaar bi ëpp solo ci baat yu gàtt.	

Activité 1 : Procédure de classe.

E dit : « Aujourd'hui, on va apprendre à raccourcir toute une histoire. Rappelez-vous, quand on pense au mot raccourcir, on pense à quelque chose de plus petit. C'est exactement ce qu'on va faire avec les textes que je vais vous lire. L'information la plus importante dans un texte s'appelle l'idée principale. Donc, on va raccourcir un texte, pour en trouver l'idée principale. »

Activité 3 : Modelage, pratique guidée et pratique autonome

Je fais

NB :

Dans cette phase où on ne connaît pas encore le contenu du petit récit, les réponses en langue nationale ne sont données qu'à titre illustratif.

Ces réponses en langue nationale doivent être utilisées par le maître ou la maîtresse dans la phase « Tu fais », au moment de la correction, pour donner aux élèves les réponses qui étaient attendues.

E lit le premier petit récit et dit : « Maintenant, je vais utiliser la grille pour trouver l'information principale de ce que le texte me donne. D'abord, je me demande : de qui ou de quoi parle le texte. Ensuite, je me demande quelle est l'information la plus importante. L'information la plus importante c'est que **nit ñaa ngi dem tool ndax dafa taw ba tooy**. En quelques mots, je raccourcis le texte : le texte parle de **Taw na ba tooy waa kër Baay Daawuda dem ca tool ya ngir ji gerte. Cawarte gi nu àndal tax na laata jant a so ji nañu tool bépp.** »

Nous faisons

E lit le deuxième petit récit et dit : « Qui peut me dire de qui ou de quoi parle le texte. Ensuite, qui peut me dire l'information la plus importante du texte ? En quelques mots, qui peut raccourcir le texte. » Demander à 3-7 élèves de répondre.


Les élèves doivent raccourcir le texte en 15 mots au plus. Si une réponse est trop longue, E laisse l'élève finir et demande : « Est-ce que tu peux me redire cela mais avec moins de mots ? »

Tu fais

Observation de l'image :

Appliquer la même démarche indiquée dans la routine d'exploitation du **Récit 1**.

E lit le récit 23 et demande aux élèves de le résumer en 25 mots au plus.



Récit 24 - Buuru picc yi

Benn bés, ci jamono ju yàgg a yàgg, picc yi dañoo woote woon am ndaje. Dañoo bëggoon a fal ab buur ne ko nit ñi ame ak yeneen rab yi. Kenn ci ñoom ne : « Céeli moom am na dole te am daraja ! » Keneen tëb ne ko : « Déedeet, amul jubb te sabam dafa naqari ! »

Keneen xaacu ne : « Kon nanu tànn **bànjóoli** ndax moo sut ci picc yi te dafay **ɲar** ne gaynde. » Meneen picc tëbe ca làng ga ne ko : « Mukk ndax mënul a naaw ! »

Jàmb-Jóob riire fale, firi laaf ya ne : « Foog naa ne war naa mën a nekk seen buur. Maa gën a rafet ci picc yi ! » **Looy** tontu ko ne ko : « Mënnoo ñoo jiite ndax dangaa rëy, bari tiitar ! Man, maa war a toog ci gàngunaay gi ndax maa gën a rëy ay bët ci lépp luy naaw ! » Li ëpp ci picc yi teew ne ko : « Déet Looy, yaw mënnoo yore réew ndax bu jant biy fenk ngay nelaw ! »

Ca noonu, menn picc ne : « Nanu naaw, ku gën a sori kow nu fal ko. » Picc yépp nangu li seen moroom mi wax. Ñoom ñépp ni fërr naaw jëm kow.

Uwaa naaw lu mat fan ci kow asamaan si, tiim montaañ yi. Céeli naaw lu mat ñaari fan. Tan yéeg wuti jant bi lu mat ñetti fan yu toftaloo. Moo nga naan :

« Maa leen gën a kowe ! Maay seen buur ! » Ca noona rekk, tan dégg baat bu ko féete kow naan : « Ciib, ciib ! Man maa gën a kowe ! Maay seen buur ! »

Ndekete ramatu dafa tagoon ci kow tan te kooka yëgu ko. Ca noonu la falu buur ca réewum picc ya.

Adapté de : *Le Roi Des Oiseaux* - Author - South African Folktale
Translation - Nathalie Hecker and Translators without Borders - Illustration - Wiehan de Jager
Language - French - Level - First paragraphs - © African Storybook Initiative 2014
Creative Commons: Attribution 4.0 - Source www.africanstorybook.org

Baat yu yees yi :

- 1 **Bànjóoli** : picc mi gën a rëy ci picc yi.
- 2 **ɲar** : yuuxu gaynde.
- 3 **Looy** : picc mu rëy ay bët tey faral di génn guddi.
- 4 **Uwaa** : mala mu weex tey nuroo ak kanaara.

Laaj yi :

- 1 Lu xew ca réewum picc ya ?
- 2 Lu tax Jàmb-Jóob ne moo war a falu ?
- 3 Lu tax picc yi nanguwuñoo fal Looy ?
- 4 Ci lan la picc ya mujj a déggoo ngir fal seen buur ?

Routine d'exploitation du Récit 24

Compréhension à l'audition : Exploitation globale d'un texte oral

Objectif : Répondre correctement aux questions posées après l'audition d'un texte.

Durée : 30 minutes

1. Contrat d'écoute

- Dites aux élèves qu'ils vont s'entraîner encore à comprendre un texte oral.
- Dites-leur à haute voix le titre de l'histoire et vérifiez s'ils ont tous bien compris.
- Montrez-leur l'illustration et posez-leur des questions afin de leur permettre notamment de faire des prédictions/hypothèses sur le contenu de l'histoire que vous allez leur lire.
- Mobilisez leur attention pour l'écoute du texte en leur disant que vous allez leur poser des questions à la fin de votre lecture et ils devront y répondre correctement.


2. Phase de lecture-écoute

Lisez-leur l'histoire à haute voix avec le rythme, la gestuelle et l'expressivité requis.

NB : Lire n'est pas raconter. Lisez ce qui est dans le texte et ne commentez pas !

3. Phase de post-écoute

Posez les questions indiquées en bas du récit et qui portent sur la compréhension générale de l'histoire.



Récit 25 - Ñetti tëx ya

Bés booba Maram, ab **tëx**, dafa xëyoon ca toolu bisaabam ba. Ma nga boot doom ja, di liggeey boole ko ak ay woy. Tool bi naat na lool. Bisaab bi tàmbale naa tóor-tóor te **yànj** lool. Mu nekk di buddi ñax mu bon ma. Ngóor su xaw a mage, ñuul, gàtt te am yaram, duggsi ci tool bi ne ko : « Soxna si noo fanaane ? Damay seet samay xar, menn mi dafay soox, soo ma leen gisalee, dinaa la ko may. »

Maram yaakaar ne ngóor si dafa koy laaj fu toolam bi yem. Mu ne ko : « Sama tool bi ca **ron** gee la yem. Bi mu taqalool, Saarataa ko moom. » Ngóor sa itam tëx la. Ba mu gisee Maram muy joxoñ ron ga, mu wutali foofa. Naka noonu, mu gis xar ya di lekk ci wet ga. Mu jiital leen dellusi ci Maram ne ko : « Jërëjëf, soxna si, gis naa leen. Na ma la ko waxe woon, may naa la bii di soox. » Ndaw si tàccu ko, ne ko : « Man ngay jiiñ ni maa damm sa xar. Lii moom, fàww nu dem ca boroom dëkk ba lijjanti ko fa ! »

Ngóor sa mer, foog ne Maram dafa xeeb xar mi mu ko may. Mu ne ko : « Yaw nag dangaa ëppal. Soo xeebee xar mii ma la may, дума la jox meneen ! »

Ca noona, ñu jubali ca boroom dëkk ba. Kooka it dafa tëx. Ba mu leen dégloo ba noppi, mu ne ku góor ki : « Yaw, amoo looy rus ! Xale bii ndaw si boot sa doom la. Gisoo ni mu la niroo ! Na nga ko toppatoo, moom ak yaayam ! » Ña fekke woon **àtte** ba, tàmbalee ree, ñetti tëx ya topp ca ñoom itam.

Baat yu yees yi :

- 1 **Tëx** : ku dul dégg.
- 2 **Yànj** : rafet lool.
- 3 **Ron** : garab gu niroo ak kóoni te ñu ciy jële xéddeen ak ay bant yu ñuy def ci xaddi néeg yi.
- 4 **Àtte** : wax ku tooñ ci ay nit yu jote.

Laaj yi :

- 1 Kan mooy Maram ?
- 2 Lu réer Ngóor si ?
- 3 Lu tax boroom dëkk bi àtte ni mu àttee ?
- 4 Lu tax ña ko fekke di ree ?
- 5 Nu ngeen gise neexal bi ngóor si dig Maram, bu xar yi feeñee ?

Routine d'exploitation du Récit 25

Compréhension à l'audition : : Exploitation globale d'un texte oral

Objectif : Répondre correctement aux questions posées après l'audition du texte.

Durée : 30 minutes

1. Contrat d'écoute

- Dites aux élèves qu'ils vont s'entraîner encore à comprendre un texte oral.
- Dites-leur à haute voix le titre de l'histoire et vérifiez s'ils ont tous bien compris.
- Montrez-leur l'illustration et posez-leur des questions afin de leur permettre notamment de faire des prédictions/hypothèses sur le sens de l'histoire.
- Mobilisez leur attention pour l'écoute du texte en leur disant que vous allez leur poser des questions à la fin de votre lecture et ils devront y répondre correctement.

2. Phase de lecture-écoute

Lisez-leur l'histoire à haute voix avec le rythme, la gestuelle et l'expressivité requis.

NB :

Lire n'est pas raconter. Lisez ce qui est dans le texte et ne commentez pas !

3. Phase de post-écoute

Posez les questions indiquées en bas du récit et qui portent sur la compréhension générale de l'histoire.

Ce cahier de récits a été conçu et imprimé grâce à l'appui généreux du peuple américain à travers l'Agence des Etats-Unis pour le Développement International (USAID).



USAID
DU PEUPLE AMERICAIN